ФIЫМ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Адыгэ псалъэ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI
АДЫГСКОЕ СЛОВО

80 ТЕКIУЭНЫГЪЭ

№30 (24.780) ● 2025 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 11, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Адрей лъэпкъхэри ядонэщхъей

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ балъкъэр лъэпкъыр хэкум зэрырашрэ илъэс 81-рэ зэрырикъум теухуауэ екIуэкIа фэеплъ дауэдапщэхэм. ЩIыналъэм и унафэщIым удз гъэгъахэр щигъэтIылъащ 1944 – 1957 гъэхэм къэралым щызэрахьа политикэ залымыгъэхэм хэкIуэдахэм я мемориалым деж.

ХЭКУМ ирашу къэзымыгъэзэжа балъкъэрхэм я фэеплъыр ягъэлъэпIэну зэхуэсым кърихьэлIат КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, республикэм и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, парламентым и депутатхэр, правительствэм хэтхэр, жылагъуэ, дин лэжьакIуэхэр. ПэкIум апхуэдэу хэтащ Шэшэн, Ингуш, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я лIыкIуэхэри.

А къэхъукъащIэр ди республикэм и тхыдэм и напэкIуэцI нэхъ гуауэхэм ящыщщ. Балъкъэрхэм а махуэм ядонэщхъей щIыналъэм щыпсэу адрей лъэпкъхэри. Абыхэми нобэми ящыгъупщэркъым цIыху минхэм я гъащIэм лъэужьышхуэ къыхэзына, дыркъуэ хэмыгъуэщэж тезыдза а гузэвэгъуэр.

ПэкIум кърихьэлIахэр дакъикъэкIэ щыму яхуэщыгъуащ зи адэжь щIыналъэм ирашу гъуэгу здытетым хэкIуэдахэм, хамэ щIыпIэхэм зи псэ щызынахэм, хэкум къэзыгъэзэжыну зи насып къримыхьэкIа псоми. Зэхуэсым къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ зэкъуэтыныгъэм, зызэщIэгъэкъуэным сыт щыгъуи мыхьэнэшхуэ зэраIэр. ЦIыху къызэрыгуэкIхэм я гущIэгъур, гулъытэр къызэрымыкIуэу къахуэщхьэпащ ди къуэш лъэпкъыр кIуэдыпIэм къикIынымкIэ, я хабзэр, бзэр яхъумэжынымкIэ.

Нэщхъеягъуэ махуэм ирихьэлIэу мемориалым къыщызэрагъэпэща выставкэми зыщаплъыхьащ пэкIум хэтахэм, а зэман хьэлъэм ехьэлIа теплъэгъуэ гурыфIыгъуэншэхэм щхьэж и гум щигъащIэр я нэгум къиищу.

Пщэрылъхэр ящещI

Я щхьэ IуэхукIэ къыхуэкIуэхэм зэраIущIэ хабзэм ипкъ иткIэ, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек гъатхэпэм и 8-м яхуэзащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ ветеранхэмрэ, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэм.

ЦIыхухэм зыкъыхуагъэзат Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр зэфIагъэкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэу. И нэхъыбапIэкIэ ахэр ехьэлIат я гугъуехьхэр дэгъэкIынымкIэ щIыпIэ унафэр зыIэщIэлъхэм гулъытэ зыхурагъэщIыным, я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуэным.

Республикэм и Iэтащхьэм зэрызыкъыхуагъэза псоми ятеухуа пщэрылъхэр яхуищIащ гъэзэщIакIуэ властым и органхэу ахэр зэфIэхынымкIэ жэуап зыхьхэм. Ахэр зэрызэфIагъэкI щIыкIэр езым и нэIэ щIэтынущ.

Зи ныбжь хэкIуэтахэм защIэдгъэкъуэнущ

КIуэкIуэ Казбек республикэр зэщIэгъэкъуэбзэным теухуа мазэ лэжьыгъэ зэрекIуэкIынур хэIущIыIу ищIащ.

«КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым гъатхэр къыщихьащ, хуабэ къэхъуащ икIи республикэм щыпсэухэм, хабзэ зэрахуэхъуауэ, я псэупIэхэм къедза щIыпIэхэр, пщIантIэхэр зэщIагъэкъабзэ.

Илъэс къэси хуэдэу, нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэпса щэбэт щIыхьэху иракIуэкIынущ гъатхэпэм и 22-м. Ди республикэ дахэм и къалэхэр, къуажэхэр гъэкъэбзэным, зэIузэпэщ щIыным хуэунэтIа республикэпсо мазэ лэжьыгъэ а махуэм къыщыщIэдзауэ едгъэкIуэкIыну икIи абы псори дызэгъусэу дыхыхьэну къыхызолъхьэ.

Жылагъуэ зэхуэсыпIэхэр, фэеплъхэм, социальнэ IуэхущIапIэхэм я хъуреягъхэр, фэтэр куэду зэхэт пщIантIэхэр, псы Iуфэхэр, гъуэгу гъунэхэр дгъэкъэбзэнщ, дгъэдэхэнщ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек.

ЩIыналъэм и УнафэщIым Правительствэм пщэрылъ щищIащ муниципалитетхэм ящIыгъуу зыхуэфащэ къызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэхэр иригъэкIуэкIыну. Мыгувэу абы теухуа унафэ къащтэнущ.

«Шэч къытесхьэркъым, нэгъаби хуэдэу, псоми ди зэхуэдэ Iуэху щхьэпэм IуэхущIапIэхэр, организацэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, волонтерхэр къызэрыхыхьэнум. Мы гъэм дэ догъэлъапIэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъур, а махуэшхуэм зыхуэгъэхьэзырыным теухуа Iуэхухэр республикэм и дэнэ щIыпIи щокIуэкI. Дауи, псоми я гуапэ хъунущ накъыгъэ махуэшхуэхэм ди зэхуэдэ унэр къабзэу, зыхуей хуэзауэ дрихьэлIэмэ», - къыхигъэщхьэхукIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псори къыхуриджащ республикэр зэIузэпэщ щIыным хуэгъэза мазэ лэжьыгъэм къыхыхьэну.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Iуащхьэмахуэ районым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и унафэкIэ щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэу мы махуэхэм ягъэува Отаров Мухьтар.

УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр ябзыху

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ районым и зыужьыныгъэм теухуауэ я мурадхэм, лъэпкъ проектхэмрэ щIыналъэ программэхэмрэ зэрагъэзэщIам кърикIуахэм.

Нэгъабэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу щытахэм ящыщ зыщ псэупIэ-коммунальнэ инфраструктурэр къэгъэщIэрэщIэжыныр. Къуажэхэм лъэныкъуэ куэдкIэ зегъэужьын къэрал программэмкIэ Тырныауз къалэм щызэрахъуэкIащ псыр зэрыкIуэ бжьамийуэ километри 5,6-рэ. Мы зэманым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм зегъэужьын программэмкIэ Азау хуейм къыщыщIэдзауэ Эльбрус къуажэм нэс псы фIейхэр зэрагъэкъабзэ ухуэныгъэхэр къыщагъэщIэрэщIэж. Тырныауз къалэм псыжапIэ кIэнауэхэр ухуэн щыщIадзащ.

Гулъытэшхуэ хуащI социальнэ унэтIыныгъэми. Тырныауз къалэм зыхуей щыхуагъэзэжащ школыр, ЩIалэгъуалэ центр къыщызэIуахащ, ЛашкIутэ дэт курыт еджапIэм зэгъэпэщыжыныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ. Эльбрус жылэм ЩэнхабзэмкIэ унэрэ узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж физкультурэ комплексрэ щаухуащ, Олимп джэгухэм хэтынухэр щагъэхьэзыр спорт школым зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэр щрагъэжьащ. Апхуэдэу Тырныауз дэт поликиникэр, Мокаев М. Х. и цIэр зезыхьэ, ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я творчествэ зыужьыныгъэхэмкIэ центрыр, Гундэлэн и амбулаторэр зыхуей хуагъэзэж. Терскол щаухуэ тIысыпIи 150-рэ зиIэ школ. КъищынэмыщIауэ, Тырныауз сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщ щащIащ Мусукаевым и цIэр зезыхьэ уэрамымрэ Эльбрус проспектым и лъэс лъагъуэмрэ. Районым хиубыдэ гъуэгуу километр 25,7-рэ зыхуей хуагъэзэжащ щIыналъэ бюджетым и мылъкукIэ.

КIуэкIуэ Казбек район администрацэм и унафэщIыщIэм ехъуэхъуащ и лэжьыгъэм ехъулIэныгъэхэр щиIэну. Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ къытщIэхъуэ щIэблэм я къэкIуэнур мамыру щытыным, Урысейм и щхьэхуитыныгъэр хъумэным дзэ Iуэху хэхам щыIэу щIэбэнхэр дэIыгъыныр Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр.

● Мэкъумэш IуэхущIапIэхэр

Илъэсым и япэ мазэм

2025 гъэм и щIышылэм республикэм и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм зэхэту лырэ джэдкъазылу къалэжьам хагъэхъуащ икIи ар (псэуу шэчауэ) тонн мини 3,2-рэ хъуащ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм процентi 111,7-кIэ хуэкIуэу, къиташ иджыблагъэ Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм.

Къыхэдгъэщынщи, ищхьэIуэкIэ къыщыдгъэлъэгъуа лы тонн мини 3,2-м щыщу тонн мини 2,5-р джэдкъазылщ, тонн мин 0,5-р – былымылщ, тонн мин 0,2-р – мэлылрэ бжэнылрэщ.

Республикэм и щIыналъэхэм ар ятебгуашэу щытмэ, Прохладнэ районыр япэ увыпIэм щытщ. Къапщытэж пIалъэм кърищубыдэу абы къыщалэжьащ тонн мин 1,4-рэ. ЕтIуанэм Аруан щIыналъэр щытщ, тонн мин 0,53-рэ иIэу. Ещанэр Шэджэм районырщ. 2025 гъэм и щIышылэм кърищубыдэу абы и Iэщыхъуэхэм лырэ джэдкъазылу тонн мин 0,48-рэ къалэжьын яхуэзэфIэкIащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ IуэхущIапIэм иджыблагъэ яхуеблэгъащ «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Шыпш Аслъэн, гимназие №14-мрэ курыт школ № 19-мрэ щеджэхэр, абыхэм я гъэсакIуэхэр.

Нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ зэчэнджэщу

ЗАУЭМРЭ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ IуэхущIапIэм и унафэщI Абдулаев Мустэфа къызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм.

- Зи ныбжь хэкIуэтахэм я хуитыныгъэхэр хъумэным ди нэIэ тетщ, ахэр зыIууэ гугъуехьхэр яхузэхыдогъэкI, я узыншагъэм дыщIоупщIэ. ДыхущIокъу дэтхэнэми и гур фIы зэрыхуэтщIыным, зэрыдгъэгушхуэным, - къыхигъэщащ абы. - ЦIыхум и ныбжьыр хэкIуэта иужь, зи гугъу сщIыхэм икъукIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, мы зэманым ирихьэлIэу, нэмыцэ гъэрыпIэхэм иса цIыху 13, ветерану 11 диIэжу аращ. 2015 гъэм абыхэм я бжыгъэр псори зэхэту цIыху 380-рэ хъууэ щытащ.

Абдулаевым щIалэгъуалэм яжриIащ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым игъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ къалъытэу, 2010 гъэм гъатхэпэм и 25-м Урысейм и Президентым и УнафэкIэ «Дзэ щIыхьым и къалэ» цIэ лъапIэр къызэрыфIащар.

Апхуэдэуи зэфIагъэкIа Iуэхугъуэхэм ящыщу нэхъыжьым къигъэлъэгъуащ 115-нэ шуу дивизэм и фэеплъыр хъумэн зэрыхуейм теухуауэ щIыналъэ унафэщIхэм зыхуагъэзэу, мыгувэуи ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм абыхэм я фэеплъ лъэс лъагъуэр зэрыщаубзыхуар. «А лъагъуэр «Трек» гуэлым деж къыщыщIедзэ, абдеж дыди фэеплъ пхъэбгъу щагъэуващ. Догугъэ щIыпIэр зэIузэпэщ ящIыну, лъагъуэм плиткэ иралъхьэну, и Iуфэхэм жыгхэр щыхасэну, тIысыпIэхэри щагъэувыну», - дыщIигъуащ Абдулаевым.

«Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм хэтхэм жаIащ зи закъуэу псэу нэхъыжьхэм зыщIагъэкъуэну зэрыхьэзырыр, я унэр зэщIэкъуэн, пщIантIэр, хадэр зыхуей хуэгъэзэн, тыкуэным яхуэкIуэн жыпIэми.

«КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм защIэгъэкъуэнымкIэ и министерствэм зыхуэдгъэзагъэххэщ, республикэм и районхэм гуп щхьэхуэхэр щызэщIэдгъэуIуэу, ди нэхъыжьхэм сэбэп дахуэхъуну дыхуейуэ», - къыхигъэщащ Шыпш Аслъэн икIи Абдулаевым а мурадыр игу зэрыдыхьар жиIащ.

Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ ПщыхьэщIэ Лейлэ илъэситху ипэ зыIууа Iуэху игу къигъэкIыжащ. «Хэку зауэшхуэм хэкIуэда гуэрым и щхьэгъусэм дыдэIэпыкъуну мурад зэрыдиIэр щыжетIэм: «Зыри сыхуейтэкъым, ауэ махуэшхуэм и пэ къиихуэу, унэр згъэкъэбзэну си нэ къыхуокIри, къыздэIэпыкъуфын волонтёр щыIэу пIэрэ?», - къитыжащ жэуапу. АрщхьэкIэ абы щыгъуэм апхуэдэхэр диIэтэкъыми, пщIэкIэ унэхэр зэлъыIузых IуэхущIапIэхэм хуэдэ къедджэ зэрыхъунур жетIат. Ар цIыхубзым икъукIэ игъэщIэгъуат. Иджы ди гуапэщ лэжьыгъэм щымышынэ мыпхуэдэ щIалэгъуалэ, хуэныкъуэм зыщIигъэкъуэну хьэзыру, къызэрыдэкIуэтейр», - жиIащ ПщыхьэщIэм.

А хъыбарым едэIуа нэужь, ныбжьыщIэхэр Абдулаев Мустэфа елъэIуащ и сабиигъуэр къажриIэжыну. «УIэгъэ нэхъ хьэлъэр анэр пфIэкIуэдынращ. Фи анэхэр фIыуэ флъагъу, я жагъуэ фымыщI. Сэ си анэр илъэс 14 сыхъуу сфIэкIуэдащ», - къыхигъэщащ нэхъыжьым. Апхуэдэуи абы игу къигъэкIыжащ зауэ нэужьым школым щыщеджа илъэсхэр. «Уэздыгъэ, ручкэ, тхылъымпIэ диIэтэкъым. Фэтыджэн уэздыгъэ щIэгъэнауэ, баш цIыкIум кIэрыпха къабзийкIэ газетхэм дытетхыхьыу арат. Гундэлэн псом зы патефон закъуэт щыIэр. Ауэ а гугъуехьхэм емылъытауэ, гуапагъэрэ зэгурыIуэрэ ди зэхуаку дэлът, зыр адрейм и дэIэпыкъуэгъушхуэт», - дыщIигъуащ Абдулаевым.

Шыпш Аслъэн IуэхущIапIэр дэIэпыкъуныгъэ гуэр хуеймэ щыщIэупщIэм, нэхъыжьым жиIащ: «Налшык къалэ и Вольнэ Аул хьэблэм Хэку зауэшхуэм хэтахэр щыщIалъхьэжа кхъэ щыIэщ. Илъэс куэд хъуауэ ар фэеплъ щIыпIэу къалъытэным дыпоплъэ. Кхъэр зэщIокIэж, зыми игъэкъабзэркъыми», - и гуныкъуэгъуэр жиIащ нэхъыжьыр.

Шыпшым ар къигъэгугъащ махуэ гуэр хахыу, зи гугъу ищIа щIыпIэм кIуэуэ еплъыну, итIанэ ар зэрызэщIрагъэкъуэнур къызэрызэрагъэпэщынур. Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ зэгухьэныгъэм хэт щIалэгъуалэм 115-нэ шуудзэм и лъэс лъагъуэми щIэх-щIэхыурэ щэбэт щIыхьэхухэр зэрыщрагъэкIуэкIыфынур.

Лэжьыгъэм и ветеран Къардэн Эммэ Шыпш Аслъэн фIыщIэ хуищIри, щIалэгъуалэр зыдэплъен щапхъэ зэраIэм шэч къызэрытримыхьэр жиIащ.

Зэхуэсым хэта щIалэгъуалэри тепсэлъыхьащ Хэку зауэшхуэм хэта я Iыхьлыхэм я гъуэгуанэм.

«Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэмрэ» Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ IуэхущIапIэмрэ зэгурыIуащ 1941 – 1945 гъэхэм екIуэкIа зауэм теухуа фильмхэм я гъэлъэгъуэныгъэ зэгъусэу къызэрагъэпэщыну. Абы кърагъэблэгъэнущ зауэм и ветеранхэр, абы зи сабиигъуэр хиубыдахэр, я къару емыблэжу лэжьа нэхъыжьхэр.

КЪУЩХЬЭ Назар.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 541-рэ кIэпIейкIи 5-рэ;

фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 493-рэ кIэпIейкIэ 77-рэ.

Ди индексыр П5894

КупщIафIэу икIи куэд къызэщIиубыдэу

АБХЪАЗ. **КъэралитIыр дяпэкIи быдэу щызэдэлэжьэнущ егъэджэныгъэм. Абы щыхьэт тохъуэ УФ-мрэ Абхъазымрэ а IэнатIэмкIэ я министрхэу Кравцов Сергейрэ Габлие Иналрэ иджы дыдэ Iэ зыщIадза зэгурыIуэныгъэр.**

Урысейр мы щIыналъэм куэдкIэ доIэпыкъу. Абыхэм ящыщщ школ автобусхэр, компьютер Iэмэпсымэхэр зэрахуиутIыпщыр, кабинетхэр зыхуейхэмкIэ къызэрызэригъэпэщыр, апхуэдэуи егъэджэныгъэм щаIэ зэфIэкIымкIэ зэдэгуэшэныр.

Дызэрыт илъэсым министерствитIым къалэнышхуэхэр зыхуагъэувыжащ. Абыхэм я мурадщ абхъаз школакIуэхэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ я олимпиадэхэр ирагъэкIуэкIыныр, а къэралым и студентхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ папщIэ Гъэмахуэ школ къызэIуахыну, нэгъуэщI Iэджи.

Абхъазыр хуейщ 2036 гъэм нэсыху, адэкIи 2040 гъэм кърищубыдэу къыпищэну егъэджэныгъэ IэнатIэм зэрызригъэужьыну стратегие зэтриухуэнымкIэ Урысейр здигъэIэпыкъуну.

Зи чэзу дэIэпыкъуныгъэ

АДЫГЕЙ. **Мейкъуапэ къэрал технологие университетым и экологие факультетым и студентхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм аргуэру ядэIэпыкъуащ.**

Иджы абыхэм хузэхуахьэсахэм хухалъхьащ хущхъуэхэмрэ уIэгъэпххэмрэ, IэфIыкIэхэр, псалъэ гуапэхэр зэрыт письмохэр.

- Тыгъэ хэха хъуащ Хэкум и хъумакIуэм и махуэм егъэщIылIа хъуэхъуэхэр. Ахэр ягъэхьэзыращ зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэр щаIыгъ школ-интернатым и гъэсэнхэм, - къет МГТУ-м и пресс-IуэхущIапIэм.

Урысейм и щIыхьыр щиIэтыну

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Тамбий Адемыркъан Урысейм къыбгъэдэкIыу хэтынущ самбэмкIэ екIуэкIыну дунейпсо зэхьэзэхуэм. Абы Урысей зэпеуэм дыщэ медаль къыщихьащ.**

2025 гъэм мазаем и 17 - 21-хэм Пензэ къалэм щекIуэкIащ зи ныбжьыр илъэс 17 - 20-м итхэм я деж самбэмкIэ пашэныгъэр Урысейм къыщыхьыным теухуа зэпеуэ. Абы хэтащ Урысейм и щIыналъэ 63-м я спортсмен 578-рэ.

Зи гугъу тщIы зэпеуэхэм КъШР-м щыщ Тамбий Адемыркъан щытекIуащ. АрдыдэмкIэ хуитыныгъэ къихьащ мы гъэм и жэпуэгъуэм Индонезием щызэхыхьэну дунейпсо чемпионатым Урысейм и щIыхьыр щихъумэну.

Адемыркъан и гъэсакIуэхэщ Кабанов Дмитрий, Уэзы Мухьэмэд, Брат Къаплъэн сымэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Махуэщ1хэр

Бзылъхугъэхэм папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Музыкэ театрым щекIуэкIащ Бзылъхугъэхэм я дунейпсо махуэм теухуа концерт гукъинэж. Ар къызэIуахащ республикэм и «Кабардинка», «Терские казаки» академическэ ансамблхэм, «Балкария» IуэрыIуатэ-этнографие гупым.

ТЕАТРЫМ и пэIущIэ пэшым и деж къыщызэрагъэпэщат сурэт щызытребгъэх хъун плIанэпэ дахэ. ЦIыхухэр къыщыщIыхьэми щыщIэкIыжми къыщыувыIащ абы и деж, цIыхубзым и гуапагъэм, дахагъэм и фэеплъ сурэт щызытрагъэхыу.

ЗэIущIэм зыкърагъэхьэлIат къэрал къулыкъущIэхэм, жылагъуэ лэжьакIуэхэм, дзэм хэтахэм. Пшыхьым и хьэщIэ лъапIэт Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхахэм лIыгъэ щызезыхьэ, ди Хэкур зыхъумэ щIалэхэм я анэхэр, щхьэгъусэхэр, шыпхъухэр. Арат утыкум къихьэ цIыхухэм фIыщIэ, щытхъу псалъэхэмкIэ нэхъыбэу зызыхуагъазэри.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къыбгъэдэкI фIэхъус, хъуэхъу тхыгъэм къеджащ ди республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.

- Фи дахагъэмрэ псэ хьэлэлыгъэмкIэ дунейр щIэщыгъуэ, гуапэ фощI, - итщ тхыгъэм. – ЩIыуэпсым и тыгъэ лъапIэщ бзылъхугъэр зэрыанэр. Абыхэм я дежкIэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр жьэгу мафIэр зэхамыгъэкIыжынырщ, сабийхэр зыхуей хуэзэу япIу гъащIэм лъэ быдэкIэ хагъэувэнырщ, я къару емыблэжу я быным гъэсэныгъэ тэмэмрэ щIэныгъэрэ иратынырщ. Си гуапэщ дэтхэнэ я зы къалэнми ахэр зэрыпэлъэщын гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ, узыншагъэрэ гуфIэгъуэрэ щымыщIэну.

Апхуэдэуи зэIущIэм къыщыпсэлъащ, гуапэу бзылъхугъэхэм зыхуагъэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, уней тхылъ тедзапIэм и унафэщI, лъахэхутэ цIэрыIуэ Котляров Виктор, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и тхьэмадэ Дадэ МуIэед, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ Шыбзыхъуэ Басир сымэ.

Бзылъхугъэхэм гуапэу ехъуэхъуащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ ветеранхэмрэ. Абыхэм къызэхуэсахэм зыхуагъэзащ я псалъэ мащIэхэмкIэ, ауэ гупсысэрэ акъылрэ зыхэлъкIэ. Усэ къеджахэщ зи лъакъуитIри зауэм хэзылъхьа Коваленкэ Роман.

Концертым хэтащ ди щIыналъэм и артист цIэрыIуэхэу Гуазэ Тимур, Жабоевэ Замирэ, Текуев Амур, Къущхьэ Камилэ, ЦокIыл Азэмэт, ГъукIэ Ислъам, Жабоев Арсен сымэ, «Каллисто», «Арабеск», «Амир», «Зори Кавказа», «Насып» гупхэр, нэгъуэщIхэри.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Ди газетыр зауэм и лъэхъэнэм

Фронтым къратхыкI

Хэку зауэшхуэр щекIуэкIым «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» (иджырей «Адыгэ псалъэ») газетым къытехуа тхыгъэхэм пыдощэ. Нобэ фи пащхьэ идолъхьэ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм ятха усэхэм ящыщ.

Ар зи Iэдакъэщ1экI ЩоджэнцIыкIу Iэдэм Угъурлы и къуэр 1916 гъэм Бахъсэн районым хыхьэ Старэ Крепость (Кушмэзыкъуей) къуажэм щыщ мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщалъхуащ. Ар къуажэ школым щеджащ ЩоджэнцIыкIу Алий и деж. Нэхъ иужькIэ абы къиухащ Ленинскэ учебнэ городокыр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутыр.

Хэку зауэшхуэр щыщIидзам Iэдэм Къызбрун Ещанэ къуажэм дэт школым и директору лажьэрт. Ар езым и фIэфIыныгъэкIэ фронтым кIуащ. Абы зауэр Венгрием щиухащ 1945 гъэм и гъатхэм.

Ныбжьэгъу фэеплъ

Тафэ акъужьыр сабэншэу
ГъэнщIат, епэркIи гум хыхьэрт,
Шытх кIапсэ кIыхьхэр хъеиншэу
Мамырыпауэ упщIафэт:

- Сыт уи ныбжьэгъухэм къуэ хахуэм
ЩIызхамыхыжыр уи псалъэр,
Лъэщым уи нэгум нэщхъейхэм
Я ныбжь техьахэм сыт хэлъыр?

ГъащIэ хэмытми нэ бзийхэр
УнкIыфI ямыIэу мэлыдри,
Дэпу лIыхъужьым уи лIыгъэр
Маржэ! - къыджиIэу къытхэти!

ЩIы - анэм IэплIэ ди ТIушэм
Мис а сыхьэтым хуищIыжырт,
Тыгъэу епэрхэм лIыхъужьым
ХуащIамкIэ зэ закъуэ бауэжырт.

Ину Iэ лъэщхэр шияуэ
ЩIы хуабэр бгъэгум щIикъузэрт,
Залмыгъэ зехьэхэм ар лIауэ
Щытми иджыри езауэрт!

- Хейуэ кIуэтахэм щыщ зыуэ
Си къуэшыр хьэхэм ялIащ,
А зы щхьэм и пIэм фрицуэ
Щэ тезукIэну сэ сIуащ.

Щэр зы фрицым хуэныкъуэу
ГъащIэм IэпкълъэпкъыркъегъанэI,
- Шынэ зы махуэ симыIэу
Сывдэзэуахэщ - силъ фщIэжхэ!

Мо си «Максимыр» ныздэфщтэ,
ИпэкIэщ плъапIэр - фыздилъхэ,
Бий гущхьэ лъапсэр, си къуэшхэ,
Джатэр маисэщ - пывупщIхэ!

ФIэкIа жимыIэу ди ТIушэм
И гъащIэ нурхэр къухьащ,
Пщэдыджыжь щхъуэшхэр зи щыгъэ
ЩхъуакIэр и джанэу щIэтлъхьащ.

Лъэщу заIэтри лIыхъужьхэр
Зэ еплъыжахэщ я Iэщэм,
КъэщтэпкI хэмыту губжьахэр
ЩIэтIысыкIахэщ бой Iугъуэм.

УафэхъуэпскI бийуэ я джатэр
Ныщызолъатэр бий хъушэм,
Мэш бэв и пхыру яубзытэр
Фриц кIий гуохэр лIыхъужьхэм.

Зы фриц закъуэ а щIыпIэм
И щхьэр пкъым фIэту икIакъым.
Миус аргъейхэри ди джатэм
Нобэ нышыншэ ищIакъым.

ХьэпIацIэ Iусу фрицхэр
Тафэм пхырыбзу тещIахэщ,
ГъащIэ насыпыр пэж дыгъэм
ЩитIагъэжахэщ а щIышхуэм.

Аргуэру бгы кIапсэ дымахэм
Iугъуэ, гъущI плъахэр щахыжхэр,
Пшапэ акъужьхэри лIыхъужьым
И деж хуэушэурэ къосыжхэр.

Полевая почта 13232.
«Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» №87, 1944 гъэ, февралым и 13.

Гу зылъытапхъэ

Тхыгъэм иджырей ди пэжырытхэм, стилистикэм темыхуэхэр хэтщ, ауэ ахэр зэдмыхъуэкIыжмэ нэхъ тэмэму къэтлъытащ.

Газетым къизыхыжар **УЭРДОКЪУЭ Женящ.**

● Налогхэр

ЗыдэIэпыкъуну IэнатIэхэр

Урысей Федерацэм и Правительствэм къэралым и хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хэтхэм ят налогхэмкIэ яхудичыхащ. Абы хыхьэхэр продукцэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщIэзыгъэкIхэмрэ абыхэм елэжь IуэхущIапIэхэмрэщ.

2025 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ апхуэдэ IуэхущIапIэхэм ят налогым и страховой Iыхьэм хуэкIуэ процент 15-р хуэдитIкIэ ягъэмэщIэнущ икIи проценти 7,6-рэщ ар зэрыхъунур.

Дызэрыт илъэсым и пэщIэдзэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щатхауэ щытащ хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ я IуэхущIапIэ 22629-рэ, абыхэм ящыщу 2520-р продукцэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщIэзыгъэкIхэмрэ абыхэм елэжьхэмрэщ.

НалогкIэ зыхудачыхынухэм хохьэ ерыскъым елэжь, ерыскъыхэкI къыщIэзыгъэкIхэр, хущхъуэхэр зэхэлъхьэным пыщIахэр, щэкIым елэжьхэмрэ дэрбзэрхэмрэ, пластмассэмрэ абджымрэ къыхэщIыкIа продукцэхэр, унагъуэхэм къыщагъэсэбэп техникэхэр, Iэмэпсымэхэр, абы хуэдэ нэгъуэщI гуэрхэр къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэр. Псори зэхэту налогыр зыхуагъэмэщIэну IэнатIэхэр 30-м щIегъу.

IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ къэрал дэIэпыкъуныгъэ зрата хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ я IуэхущIапIэхэм Iэмал яIэнущ я хэхъуэхэр нэхъыбэ ящIыну, ахъшэ къыдэхуамкIэ лIэужьыгъуэщIэхэр къыщIагъэкIыну, я IэнатIэхэм зрагъэубгъуну, нэгъуэщI лъэныкъуэ куэдкIи ефIэкIуэну.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

Хуэныкъуэщ IэщIагъэлIхэм

УФ-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Мурашкэ Михаил къызэригъэлъэгъуамкIэ, 2019 гъэм дохутырхэм я улахуэр ику иту сом мин 80 хъууэ щытамэ, 2024 гъэм ар сом мини 123-м нэсащ, курыт медицинэ лэжьакIуэхэм ейр сом мин 40-м къыщрагъажьэри, сом мин 61-рэ хъуащ.

Министрым жиIащ нобэ къэралым и медицинэ IэнатIэр дохутыр мин 23-рэ, курыт медицинэ лэжьакIуэу мин 63-рэ зэрыхуэныкъуэр икIи къыхигъэщащ унэтIыныгъэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэмкIэ къызэгъэпэщыныр абыхэм хуащIэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ зэфIэха зэрымыхъур, абы папщIэ еджэныр къауха нэужь илъэс бжыгъэ гуэркIэ къэрал IуэхущIапIэхэм Iэмал имыIэу гъэкIуэн зэрыхуейр.

Иджыблагъэ Урысей Федерацэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм IэнатIэм IэщIагъэлI нэсхэр нэхъыбэу къешэлIэным теухуа проект зэхилъхьащ икIи мыгувэу ар ягъэзэщIэным иужь ихьэнущ.

Мамырыгъэм хуэунэтIауэ

Ираным хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Аракчи Аббас жиIащ ядернэ программэм и IуэхукIэ Москварэ Пекинрэ чэнджэщэгъу зэращIыр. Апхуэдэуи дыщIигъужащ къэралым къытракъуззу зэпсэлъэныгъэхэр зэрыримыгъэкIуэкIынур.

«Къыттезыкъуззэну, дызыгъэшынэну хэт дэтхэнэми депсэлъэнукъым, ар сыт хуэдэ IуэхукIэ ирехъуи. КъарукIэ къыптезыгъэхьэлъэмрэ уи еплъыкIэр зэхищIыкIыу зэпсэлъэныгъэхэр езыгъэкIуэкIымрэ зыкъым», - щитхащ абы интернетым щиIэ напэкIуэцIым.

Ираным хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, Урысеймрэ Китаймрэ драгъэкIуэкI зэпсэлъэныгъэхэр лъэныкъуэхэм яку зэхуэдэныгъэрэ пщIэрэ дэлъу къызэрагъэпэщащ. Аракчи Аббас къыхигъэщащ я къэралым и ядернэ программэр сытым щыгъуи мамырыгъэм хуэунэтIауэ зэрыщытар, адэкIи абы зэрытетынур.

США-м и президент Трамп Дональд Ираным гъатхэпэм и 7-м хъыбар иригъэщIащ ядернэ программэмкIэ зэпсэлъэныгъэхэр драгъэкIуэкIыну икIи зэгурыIуэныгъэ иращIылIэну зэрыхуеймкIэ. Ираным и унафэщI нэхъыщхьэ Хаменеи Алий жиIащ езым и Iуэхухэр дэгъэкIыныр зыгъэнэхъапэу закъыпызыщIэхэм зэрадэмылэжьэнур.

Гъатхэпэм и 11, *гъубж*

♦**УФ-м Наркотикхэм якIэлъыплъынымкIэ и IуэхущIапIэм и лэжьакIуэм и махуэщ**
♦**Уней хъумакIуэ агентствэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦**1991 гъэм** КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къищта унафэм ипкъ иткIэ «Ленин гъуэгу» газетым и цIэр «Адыгэ псалъэ» жиIэу зэрахъуэкIащ.
♦**1948 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Уэщхъун МуIэед**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жэщым градуси 4 - 8 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 12, *бэрэжьей*

♦**ИнтернеткIэ цIыхухэм якIэлъыплъыныр мыдэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм ЮстицэмкIэ и министерствэм и Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэм и махуэщ**
♦**1912 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта, 1965 - 1973 гъэхэм КъБКъУ-м и ректору щыта **КIэрэф Къамболэт**.
♦**1945 гъэм** къалъхуащ УФ-ми Адыгэ Республикэми я цIыхубэ сурэтыщI **Къат Теувэж**.
♦**1955 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Хъурей Арсен**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градуси 7 - 10 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

КъайхъулIахэм хэплъэжащ

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм 2024 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр къызэщIэзыкъуэж зэIущIэ иджыблагъэ щекIуэкIащ. КъулыкъущIапIэм блэкIа илъэсым зэфIиххэмрэ къыпэщылъ Iуэхугъуэхэмрэ щрипсэлъащ, къехъулIахэмрэ зыхунэмысахэмрэ я гугъу щащIащ.



ЗЭХУЭСЫМ кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и Жылагъуэ советым и унафэщI Сэхъурокъуэ Хьэутий, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм и профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Карныш Сергей, щIыналъэхэм егъэджэныгъэмкIэ и IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.

КъулыкъущIапIэм и унафэщI Езауэ Анзор зэхуэсыр къыщызэIуихым, къызэхуэсахэм яжриIащ егъэджэныгъэр зэрыщыту IэнатIэм теухуауэ къэралым иубзыхуа политикэм зэрытетыр, абы къигъэув къалэнхэр игъэзэщIэну зэрыхущIэкъур. «Иужьрей илъэсхэм, гу зэрылъыфтащи, егъэджэныгъэ IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэхэр щокIуэкI. Ауэ щыхъукIэ щIэуэ къэхъухэр зыужьыныгъэм хуэгъэпсащ, ди еджапIэхэм я зэIузэпэщыныгъэм къыщегъэжьауэ ныбжьыщIэхэм ягъуэт щIэныгъэм и фIагъым хэгъэхъуэным щыщIэкIыжу Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэщIеубыдэ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ ди щIыналъэм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэу итыр зэгъэпэщыжыным, зехьэным, иджырей техникэхэр къахуэщэхуным ерыщу иужь дитщ. Ухуэныгъэ щIэхэри ди мащIэкъым. Лэжьыгъэу екIуэкIыр ухуэныгъэхэм я мардэм тетщ, апхуэдэ дыдэуи еджэныгъэр зэрыщыту къэралым иубзыхуа жыпхъэхэм йозагъэ. ЕджапIэхэм яIэ Iэмалхэр къэтлъытэурэ, ухуэныгъэ щхьэхуэхэр къащыпытщIыхьи мымащIэу щыIэщ. Абы и фIыгъэкIэ ди сабийхэм я нэхъыбэр пщэдджыжькIуэ хъуащ, шэджагъуакIуэу кIуэхэр хэпщIыкIыу мащIэ хъуащ. Ди еджапIэхэм техникэщIэкIэ къызэмыгъэпэща, классым и кIуэцIкIэ егъэджакIуэр зыхуэныкъуэну IэмалкIэ мыгъэпса щIагъуэ яхэтыжкъым. Псалъэм и хьэтыркIэ, классхэм я нэхъыбэм къызэрыгуэкI пхъэшыкъум щIыгъуу, интерактив жыхуаIэм хуэдэхэр блынхэм зэбгъурыту фIэдзащ, компьютерхэр щIэтщ, егъэджакIуэхэми еджакIуэми я Iэмэпсымэхэр щагъэтIылъ хъун унэлъащIэхэри яIэщ. Ауэ IэнатIэм нэхъыщхьэр еджэныгъэр зэтеубла зэрыхъуа щIыкIэращи, абы и лъэныкъуэкIэ фIыуэ ипэкIэ дыбэкъуащ. Дэ тхузэфIэкIащ сабийхэм ягъуэт щIэныгъэм я фIагъыр къызэрапщытэ Iэмалхэр едгъэфIэкIуэн, зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэр къыхэдгъэщурэ я есэныгъэхэр зэрыхагъэхъуэн хэкIыпIэхэр къызэдгъэпэщын, гъэсэныгъэ лэжьыгъэр щIэдгъэхуэбжьэн. Мы далэм къриубыдэу курыт еджапIэри, щIэныгъэ гуэдзэ, IэщIагъэ щратхэри зэдэлажьэу, я Iуэху зыIутымкIэ зэлъэIэсу, зэрылажьэ программэхэр зэпыувэу дгъэпсащ. ЖытIэркъым щыщIэныгъэхэр димыIэу. Апхуэдэхэри къыхокI. Ауэ сыт хуэдэ лэжьыгъэми езым и кIуэрабгъухэр иIэжщи, щIэуэ къыкъуэкI Iуэхум Iэижь дыхуэхъуурэ, ди щыуагъэхэр къэтлъытэжурэ, афIэкIа апхуэдэ къызэрыхэмыIкынум дыхуэсакъыурэ докIуэкI», - жиIащ Езауэ Анзор.

Министрым и псалъэм къыхэщащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ пэхуэщIэм къигъэув Iуэхугъуэхэр къанэ щымыIэу 2024 гъэм къулыкъущIапIэм зэригъэзэщIар, IэнатIэм зегъэужьын, цIыкIухэм я зэфIэкIхэм зэрыхагъахъуэ Iэмалхэр нэхъыбэ щIын я IуэхукIэ къатенэ щымыIэу зэрызэфIахар.

«Иужьрей илъэсхэм министерствэм и гуащIэ ирихьэлIэри, «Бжыгъэрылъанэ егъэджэныгъэ IэнатIэ», «IэщIагъэрылажьэ ныбжьыщIэхэр», «Демографие» лъэпкъ пэхуэщIэхэмрэ программэхэмрэ елэжьащ. Абыхэм къагъэув къалэнхэр гъэзэщIэным Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым къыхэкIыу сом мелуани 3286,34-рэ текIуэдащ. Абы къищынэмыщIауэ, «Иджырей еджапIэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ 2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым еджакIуэ минитху зыщIэхуэн еджапIий духуащ. Ахэр ди хэгъэгум и щIыналъэхэмрэ къалэшхуэхэмрэ дэтщIыхьащ», - къыхигъэщащ къулыкъущIэм.

КъулыкъущIапIэм и Жылагъуэ советым и унафэщI Сэхъурокъуэ Хьэутий министрым и къэпсэлъэныгъэм арэзы дэхъуащ, ар купщIафIэу икIи екIуэкIа Iуэхур къызэщIиубыдэу зэрыщытыр къыхигъэщащ. «ЩIэблэм нобэ хэплъхьэращ пэщдей бгъуэтыжынур, жаIэ. Егъэджэныгъэ IэнатIэм щекIуэкI лэжьыгъэр зэрыщыту къытщIэувэ ныбжьыщIэхэм ятеухуащи, сыт хуэдэфIми мардэ иIэкъым, Iэмал бгъуэтыхукIэ нэхъыбэу яхэлъхьэн хуейщ. ЕджапIэхэр зэрызэрагъэпэщыжым, IэнатIэм пэрытхэм Iэмалхэр къызэрыхуззрагъэпэщым, сабий зэчииифIэхэм папщIэ пэхуэщIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрыхалъхьэм дыщыгъуазэщи, абы кърикIуэн хуей фIыр щIэхыу нэрылъагъу зэрыхъум ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Лэжьыгъэр шэщIамэ, ар езыхьэкIым абы гурэ псэрэ хилъхьэмэ, къызэрыбдэхъуным и щыхьэтщ апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр. Министрым дызыщигъэгъуэза Iуэхугъуэ псори къару зэхэдзэкIэ къэхъу фIыгъуэщи, я гуащIэ мыкIуэщIу дяпэкIи нэхъыфIыжу лэжьэну си гуапэщ», - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

КъБР-м и Парламентым егъэджэныгъэ IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуз Нини арэзы къищIащ министрым къызэщIикъуэжа лэжьыгъэм. «Дауи, дэ къытпэщылъыр мащIэкъым, длэжьын хуей Iуэхум и гъунэ итлъауэ къытщызыгъэхъу жэрдэмхэри куэд дыдэ мэхъу. ГъащIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэ псори еджапIэр зэрылажьэ программэхэм занщIэу пхухэмыухуэнэнкIи хъунущ, ауэ ахэр уи нэгу щыщIэкIкIэ, щыIэныгъэм тепщэр щиубыдкIэ, къыумылъытэныр Iэмал зимыIэщ. Дыгъуасэ хуэдэхэм ди гъащIэм хэмыту нейропрограммэ хьэлэмэтхэр щыIэщ, IT-IэщIагъэхэр къоунэху, интеллект IэрыщIым иубыд щIыпIэр кIуэ пэтми нэхъ ин мэхъу. Егъэджэныгъэ IэнатIэм ахэр къыхэмылъытамэ, зиужьу жыпIэныр щхьэгъэпцIэжщ. Ди гуапэ зэрыхъущи, ди щIыналъэм ит курыт еджапIэхэм а зэхъуэкIыныгъэхэр шэщIауэ къыщалъытэ, уеблэмэ курс щхьэхуэхэр щызэхашэ, дерсщIыб лэжьыгъэшхуэхэр къыщызэрагъэпэщ. Егъэджэныгъэ IэнатIэм иужьрей илъэсхэм щекIуэкI лэжьыгъэм ущыкIэлъыплъкIэ, апхуэдэ ехъулIэныгъэхэм уащыгугъ зэрыхъунур къыбгуроIуэ, абы дяпэкIи зэрызиубгъунур уи фIэщ ещI», - жиIащ Емуз Нинэ.

Пэж дыдэу, егъэджэныгъэм теухуауэ ди щIыналъэм щекIуэкI лэжьыгъэм уимыгъэгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым. ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэмрэ Iэзагъымрэ щыхагъахъуэ курсхэр щIэныгъэ унэтIыныгъэ псомкIи къызэгъэпэща хъуащ, IэнатIэм къыхыхьэ лэжьакIуэ ныбжьыщIэхэм папщIэ зэпеуэхэмрэ зэхьэзэхуэхэмрэ мымащIэу къызэрагъэпэщ, щIэныпхъэ и лъэныкъуэкIэ Iуэхугъуэ куэд зэхашэ, сабийхэр еджэныгъэм тезыгъэгушхуэ жэрдэмхэр кIуэтэху нэхъыбэ мэхъу. ЩIэныгъэм пщIэ щыхуамыщI щIыпIэм зыужьыныгъэ щыIэнукъым, абы и IуэхукIэ министерствэм къызэщIикъуэжа лэжьыгъэм фIыкIэ узыщегъэгугъ, нэхъыфIыжхэмкIи узыпегъаплъэ.

ШУРДЫМ Динэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Адыгэ хабзэр адэ щIэиныжьщ.

Псэм къыхиха ІэщІагъэм хуэпэжщ

Иджыблагъэ илъэс 85-рэирикъуащ мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор КІуэкІуэ Тэлэдин Нахъуэ и къуэр. И лэжьыгъэм къыпэкІуэу абы «УФ-м цІыхухэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэхэр къыхуагъэфэщащ, и цІэр Дунейпсо адыгэ щІэнгъуазэм иратхащ.

ТЭЛЭДИН и адэ Нахъуэ щІэныгъэ зыбгъэдэлъа цІыхуу, и ІуэхущІафэкІэ лІыгъэ зыдалъагъуу щыта цІыху цІэрыІуэу Малкэ дэсащ. Абырэ и щхьэгъусэ СэІимэтрэ я къуажэгъухэм я щапхъэу унагъуэ дахэ зэдаухуат. ЩІэныгъэ зыбгъэдэлъ цІыхум зэрызиузэщІыр, и гъуэгуанэр нэхъ нэху зэрыхъур, лъэпкъыми къэралми хуилэжьыфынур зыхуэдизыр къагурыІуауэ къыщІэкІынт зэщхьэгъуситІыми, я бынхэм елІэлІащ, ирагъэджащ. Нахъуэрэ СэІимэтрэ я быниплІым къыхаха я ІэщІагъэхэр къуэпс зэхуэмыдэ защІэу къыщІэкІри, плІыри щІэныгъэм щехъулІащ. Жэмалдин - филологием, Тэлэдин мэкъумэш щІэныгъэм я доктор, профессор хъуахэщ, Тамарэ - химием, Хьэсэнбий физикэ щІэныгъэм я кандидатхэщ; щапхъэ зытрах цІыху гумызагъэу, зыхэтым пщІэ къыхуащІу зы унагъуэм щапІа а плІыри цІэрыІуэ хъуащ. Нэхъ гъэщІэгъуэныжращи, абыхэм къатехъукІыжа я бынхэм (бгъу мэхъури) псоми курыт еджапІэхэри ищхьэ еджапІэхэри ехъулІэныгъэкІэ къаухауэ щыр профессорщ, хыр щІэныгъэм и доктор е кандидат хъуащ. Арагъэнщ «псыпэр зэрыкІуэм псыкІэр ирожэ» щІыжиІар пасэрейм.

Нобэ хэхауэ зи гугъу тщІыну Тэлэдин къуажэ курыт еджапІэр ехъулІэныгъэкІэ къиухри, 1958 гъэм КъБКъУ-м и мэкъумэш къудамэм ІэщІгъэхъун ІэщІагъэм щыхуеджэну щІэтІысхьащ. ЩІалэ гурыхуэр занщІэу дихьэхащ а ІэщІагъэм ехьэлІа щІэныгъэм. И къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр университетым щекІуэкІ конференцхэм утыку къыщищІу, Іэщ гъэхъуным кууэ зыщигъэгъуэзэн папщІэ абы ирилэжьэну и нэ къыхуикІыу еджащ, и хъуэпсапІэхэри зригъэхъулІащ. Университетыр къиуха иужь Тэлэдин зоотехник нэхъыщхьэу илъэс зыбжанэкІэ щыІащ а зэманым пашэныгъэ зыІыгъхэм ящыща Каменномост (Къармэхьэблэ) Іэщ гъэхъупІэм. А зэманращ абы къихутэу щыхуежьар Іэщым и Іусыпхьэм хэлъ минералхэм я мардэр. АрщхьэкІэ лэжьыгъэ къудейкІэ узыпэмылъэщын щІэныгъэ абы ехьэлІэн хуейт.

1965 гъэм Тэлэдин щІэтІысхьащ Владикавказ дэт мэкъумэш университетым и аспирантурэм. Абы игъэхьэзыра кандидат лэжьыгъэр ехъулІэныгъэ иІэу пхигъэкІри егъэджакІуэу ди университетым къигъэзэжащ, мэкъумэш академиер къызэІуахыху аращ здэщыІэр. Псэм къыхиха ІэщІагъэм Тэлэдин ноби хуэпэжщ, иролажьэ.

Мэкъумэш республикэм и дежкІэ уасэ зимыІэ лэжьыгъэщ адыгэ щІэныгъэлІ пажэм и ІуэхущІафэ псор, ар къэхутэныгъэ щІэныгъэу е егъэджакІуэ ІэщІагъэу ирехъуи. Мэкъумэш академием къызэрыгуэкІ и егъэджакІуэу Тэлэдин лэжьэн щІидзэу щІэныгъэмкІэ проректорым нэсыху къалэн куэд и пщэ дэлъащ. Гудзакъэ зиІэу зи ІэнатІэ езыхьэкІырщ дэхуэха Іуэхур къэзыІэтыжыфу лэжьыгъэм зезыгъэуужьри. Къэралым щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм я зэранкІэ щІэныгъэр дэхуэха щыхъум, Тэлэдин хуэдэу а къалэным пэлъэщын зэрыщымыІэр академием и унафэщІхэм къагурыІуэри проректор къалэныр и пщэ къыдалъхьащ. А зэманым академием къыщыщІэрэщІэжауэ щытащ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэр, и фІагъкІэ зиужьарэ икІи зиубгъуауэ, хэлъэт зиІэ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэр къыхэша хъуауэ.

Академием щрагъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэр я лъабжьэу дунейм къытехьащ монографие 30-м щІигъу, щІэныгъэ конференцхэм къыщагъэлъэгъуа тхыгъэхэр ярыту тхылъих. КъэхутэныгъэщІэхэм патент иратащ. Мэкъумэш Іуэхухэмкіэ министерствэм къигъэув къалэнхэм пэджэжырт къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр: мэкъумэшыщІэхэм, щхьэж и лэжьыгъэ ельытауэ, къахуэщхьэпэну чэнджэщхэр ярыту тхылъ 20-м щІигъу яІэрыхьауэ щытащ. Тэлэдин и Іэдакъэ къыщІэкІащ щІэныгъэр зи лъабжьэ лэжьыгъэрэ зэрырагъаджэ тхылъу 100-м щІигъу, монографиеу - 4. А щІэныгъэлІым и унафэм щІэту кандидат лэжьыгъэу 5-рэ зы доктор диссертацэрэ пхагъэкІащ. КъБР-мрэ Осетие Ищхъэрэмрэ я университетхэм диссертацэхэр пхыгъэкІынымкІэ я советым хэтщ.

ЩІэныгъэлІ куэдым гъуазэ яхуэхъуащ КІуэкІуэ Тэлэдин. Къыщалъхуа махуэм ирихьэлІэу абы псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзэ и дэлэжьэгъухэм, гъэсэнхэм, ныбжьэгъухэм.

Тау Ибрэхьим, *мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъМУ-м ветеринар медицинэмкІэ и кафедрэм и профессор:* «КІуэкІуэ Тэлэдин теухуауэ сыт хуэдиз псалъэ гуапэ жыпІэми, зэи пхуегъэлеинукъым. ЦІыхум щхьэкІэ «къэзылъхуа адэ-анэм яхуэ

● ДифІ догъэлъапІэ

фащэ бынщ» щыжаІэм деж, абы нэхърэ нэхъ щытхъуфІ щымыІэу къызолъытэ. Мис апхуэдэщ Тэлэдин! Ар цІыху Іущщ, зэпІэзэрытщ, щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъщ, хьэл-щэн екІу зыхэлъщ. Илъэс куэдкІэ щылэжьащ ректоратым икІи щІэныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэм и мызакъуэу, мэкъумэш университетым и лэжьыгъэр зэтеублэнымрэ студентхэм гъэсэныгъэфІ яхэлъхьэнымкІэ лъэкІ къигъэнакъым. Апхуэдэу, Тэлэдин къыщІэуващ езым хуэфэщэн гъэсэн куэд, щІэныгъэхэмкІэ кандидатхэр, докторхэр. Нобэр къыздэсым мэлажьэ, ирегъаджэ, пщІэ зыхуащІ нэхъыжьыфІу къытхэтщ. Си щхьэкІэ сропагэ апхуэдэ егъэджакІуэрэ щІэныгъэлІрэ зэрыдиІэм».

Хъуэкіуэн Мурат, *физико-математикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор:* «СызэрыцІыкІурэ соцІыху КІуэкІуэ Тэлэдин. Абы щыгъуэми ноби щапхъэ зытесх, гъуазэ схуэхъуа цІыхухэм ящыщщ ар. ЖыжьэрыплъэщТэлэдин, икІи абы и чэнджэщхэм уемыбакъуэмэ нэхъыфІщ, сыту жыпІэмэ, гъащІэмрэ зэманымрэ къагъэлъагъуэ абы жиІам зэгуэр узэрытеІэбэжынур. ФІэфІщ Іуэхум и купщІэр кІэщІу, гъэхуауэ къыщаІуатэм деж. А нэхъыжьыфІым щапхъэ зэрытесхыным сыхущІокъу нобэр къыздэсым. Нэхъыщхьэмрэ мыхьэнэ зимыІэмрэ зэхэзгъэкІыфу аращ сезыгъэсар. ЩІэныгъэм и закъуэ мыхъуу, гъащІэми къыщысхуосэбэп а хьэлыр. КІуэкІуэм и гъэсэнхэм ящыщ, РАН-м и академик, шэшэн щІэныгъэлІ Амерханов Харон къызжиІауэ щытащ япэ курсым зэрыщІэтІысхьэрэ Тэлэдин абы зэрыдэІэпыкъуар, щІэныгъэкІэ ехъулІэныгъэ иІэххэмэ, ар КІуэкІуэм зэрифІыщІэр, щІэныгъэ и закъуэ мыхъуу, нэгъуэщІ Іуэхухэмкіи сэбэп зэрыхуэхъуар. Гуапэщ апхуэдэ псалъэ зэхэпхыну. ФІыщІэрэ щытхъурэ зыхуэфащэ щІэныгъэлІым и махуэ лъапІэмкІэ сохъуэхъу, узыншэу куэдрэ ди япэ итыну си гуапэщ».

Джатокъуэ Олег, *биологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор:* «КІуэкІуэ Тэлэдин къэсцІыхуащ КъБКъУ-м сыщыщІэтІысхьам. Абдеж щыщІэдзауэ зигъэпсэхуну тІысыжыху дызэдэлэжьащ. Къыхэгъэщыпхъэщ мэкъумэш щІэныгъэр КъБР-м щызэтеублэнымкІэ Тэлэдин илъэс 60-м къриубыдэу лэжьыгъэшхуэ зэрызэфІихар, и гуащІэ зэрыхилъхьар. ЩІэныгъэм зегъэужьыным и закъуэ мыхъуу, КІуэкІуэм игъэхьэзыращ университетым и лэжьакІуэ гуп. Егъэджэныгъэм сыт хуэдиз зэхъуэкІыныгъэ игъуэтами, Тэлэдин и Іуэху еплъыкІэм хуэпэжу, къызыхуигъэщІа ІэщІагъэм хигъахъуэ зэпыту къэгъуэгурыкІуащ. Узыншагъэ быдэ иІэну сохъуэхъу ди нэхъыжьыфІым».

Шыгуанэ Владислав, *мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ доктор:* «Зи махуэр зыгъэлъапІэ нэхъыжьыфІым сэрэ илъэс куэдкІэ дызэдэлэжьащ. 1991 гъэм, кафедрэм и унафэщІу щыщытам, сыкъригъэблагъэри, 2015 гъэ пщІондэ дызэдэлэжьащ, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министерствэм сыувыху. А зэманым къриубыдэу КІуэкІуэр ди ныбжьэгъу нэхъыжьу, ди ущиякІуэу, ди гъуазэу, унафэщІу къытхэтащ, фІыкІэ дигу къызэрыкІыжын куэди дэтлъэгъуащ. Сыт хуэдэ Іуэху еувэлІами, ар и кІэм нимыгъэсауэ, зыхуей хуимыгъэзауэ къызэринэкІакъым. Дэри абы дригъэсащ, хьэлыфІ куэд къытхилъхьащ. Сыхуейт абы щхьэкІэ фІыщІэ хуэсщІыну».

КІуэкІуэ Тэлэдин лэжьыгъэу и пщэ дэлъам, къэхутэныгъэу хузэфІэкІам, тхылъу дунейм къытригъыхьам, доктор диссертацэхэр пхыгъэкІынымкІэ советхэм зэрыхэтам и закъуэкъым ехъулІэныгъэу иІэр. Абы и дуней теТыкІэри, и лэжьэкІэри, и унагъуэри дахэщ, узэхъуэпсэн хуэдэщ. Тэлэдин чэнджэщэгъу зэрыпхуэмыхъун Іуэхугъуэ щыІэу фІэщщІыгъуейщ, апхуэдизкІэ гъащІэм и лъэныкъуэ куэдым хещІыкІ, акъыл гъэтІысакІэ сыт хуэдэ Іуэхуми бгъэдохьэри. Захуагъэр, пэжыр и гъащІэ гъуазэщи, абы хуэмылажьэ, хуэмыпсэу цІыху хуэзэмэ, дигъуэр ехьэкІ-къехьэкІ хэмылъу жриІэнущ, игъэгупсысэнущ, игъэукІытэнущ. Арагъэнщ апхуэдиз ехъулІэныгъэ щІиІэри, зыхэтым фІыщІэ къыщІыхуащІри.

ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.

ТХЬЭГЪЭЛЭДЖ Тимур:

Къэралым и тхыдэр щІэблэм ящІэн хуейщ

«Афган зауэмрэ дзэ Іуэху хэхахэмрэ я ветеранхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм» и Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ Іуэхущ ІапІэм и унафэщІ, КъБР-м и Парламентым и еплІанэ, етхуанэ, еханэ, ебланэ зэхуэсыгъуэхэм я депутат, мы зэманым ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмкІэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я ІуэхухэмкІэ, Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Іулъхьэм пэщІэтынымкІэ комитетхэм хэт Тхьэгъэлэдж Тимур 1983 - 1985 гъэхэм Совет Армэм къулыкъу щищІащ, «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым етІуанэ нагъыщэ зиІэ и медалыр, «Дзэм къыщигъэлъэгъуа фІыщІэм папщІэ», «И хахуагъэм папщІэ», «И хахуагъэмрэ лІыгъэмрэ папщІэ» медалхэр иІэщ.

И ІуэхущІафэхэм, щІэблэм хуэгъэзауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм ар тыдогъэпсэлъыхь.

- Тимур, афган зауэр зэриухрэ илъэс 36-рэ мэхъу. Апхуэдиз зэман дэкІыжа иужькІэ, а Іуэхугъуэхэм нобэ дауэ уеплъыжрэ?

- 1983 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м къэралым къулыкъу хуэсщІэну сыдэкІауэ щытащ. Туркмением дашэри, мазэрэ ныкъуэкІэ абы щыІэ Иолантань полигоным Іуэхум дыщыхуагъэхьэзырат. ИтІанэ Афганистаным дашащ: япэщІыкІэ - Кабул, иужькІэ - Баграм, Джабаль-ус-Сарадж. Сэ 177-нэ бгы мотострелковэ полкым сыхэтащ. Афганистаным иІэщ Саланг къурш щхьэдэхыпІэр, къэралым икумрэ и ищхъэрэ лъэныкъуэмрэ зэпищІэу. Мис абдеж ди гупым колоннэ блэкІхэр ихъумэу тетащ. А зэпрыкІыпІэм зы гъуэгу бгъузэ цІыкІу закъуэ дэкІуейрт метр мини 3-м щІигъу и лъагагъыу. ГъэщІэгъуэнт къуршым апхуэдэ туннель зэрыдащІыкІыфар. Абы сыхьэт бжыгъэкІэ удэкІуейрт, апхуэдиз дыдэкІи укъехыжырт. АвтомобилитІ щызэблэкІыфынутэкъыми, зы махуэм зы лъэныкъуэмкІэ ягъакІуэрт, етІуанэ махуэм - мыдреймкІэ къагъэзэжу. А лъагъуэмкІэ Совет Союзым дэІэпыкъуныгъэшхуэ афган цІыхубэм хуригъэшауэ щытащ абы щыгъуэм: ерыскъыхэкІыу, Іэщэу, медицинэ, ухуэныгъэ Іэмэпсымэу. Мис а гъуэгур хъумэныр ди пщэрылът. Афган зауэр иуха нэужь къызэрабжыжамкІэ, ику иту сом зы мелуаным нэс и уасэ ди къэралым махуэ къэс дэІэпыкъуныгъэу абы иригъэшат. Ар ахъшэшхуэт а зэманым.

Дэ къэралым къытхуищІа унафэм тету ди къулыкъур дгъэзэщІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым зэгъусэу цІыху 55-рэ дикІауэ щытащ, си гупым щІалиплІ хэтащ. Зы щІалэ, Бекъулхэ Аслъэн, хэкІуэдауэ къашэжащ. Псори зэхэту къапщтэмэ, ди республикэм Афган зауэм цІыху 1860-рэ кІуауэ щытащ. ЗэрыфщІэщи, абы щыщу 54-р хэкІуэдащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы щыІа цІыху 500-м нэблагъэ нобэ къытхэтыжкъым.

Дзэм дыкъикІыжри, къэралым и зэбгрылъэлъыжыгъуэти, афганым щыІахэр дэхуэха дыхъуащ, дыщІэзэуари псори хэкІуэдауэ. Апхуэдэу щыхъум, дэ езым ди жэрдэмкІэ, «мыпхуэдэу дыщыскІэ зыми дыкъыфІэІуэхунукъым, дызэрымыІыгъыу хъунукъым» жытІэри, афган зауэм хэтахэм я зэгухьэныгъэр хуэмурэ къызэдгъэпэщри дылэжьащ. А зэманым сэ илъэситхурэ ныкъуэкІэ Якутск сыщыІащ, абыкІэ щыІэ правленэм сыхэту. СыкъыщыкІуэжар 1992 гъэрщ. Афган зэгухьэныгъэр тІэкІурэ щыІауэ зэбгрылъэлъыжа хъуат зы зэманкІэ. Арати, Налшык къалэм «Промжелдортранс» ОАО-м и унафэщІу сыщыІэу, 2004 гъэм щІалэхэм зыкъысхуагъэзащ «дыбдэІэпыкъунщ, мы зэгухьэныгъэр къэдывгъэгъэІэтыж», жаІэри. Апхуэдэу 2005 гъэм щІышылэм и 10-м зэхыхьэшхуэ къызэдгъэпэщри, зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр иригъэжьэжауэ щытащ. Терроризмэм пэщІэт Іуэхугъуэхэр екІуэкІыу щыщыта лъэхъэнэти, афган зауэм хэтахэр, дзэм Іуэхухэм зэрыхащІыкІыр къагъэсэбэпу, мыхъумыщІэ гуэрхэм хашэну иужь щитаи къэхъуащ. Ауэ дэ абы щыгъуэм быдэу ди Іуэху еплъыкІэр дгъэнэІуащ: ди къуэшхэр дукІыжу граждан зауэ дыхуейкъым, жытІэри, икІи ди хабзэхъумэхэм я гъусэу дыпэщІэтащ щІэпхъаджагъэ щымыІэным. Апхуэдэурэ дыкъэгъуэгурыкІуащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт мы гъэм илъэс 20 ди зэгухьэныгъэр зэририкъур.

- Гу зэрылъыттащи, зэгухьэныгъэр жыджэру щІалэгъуалэм ядолажьэ. Афган зауэр зэрекІуэкІам нобэрей щІэблэр хэгъэгъуэзэным и мыхьэнэм и гугъу уэзгъэщІынут?

- Ди ужь итхэм ящІэн хуейщ ди щІыналъэ цІыкІум и мызакъуэу, щыпсэу къэралышхуэм и тхыдэри. Абы хеубыдэ, Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэр къэзыхьауэ щытар, гугъуехь нэхъыбэр зи плІэ дэкІар ди къэралыр зэрыарар зыщагъэгъупщэ зэрымыхъунури. США-м, Великобританием, Франджым абы халъхьар мащІэ дыдэщ. Илъэсищ дэкІа нэужьщ, ди дзэхэм совет къэралыгъуэшхуэр щхьэхуит къащІыжауэ, абыхэм етІуанэ фронтыр къыщызэІуахар. Афган зауэр къыщІэхъеяр, абы Урысейр хыхьэн хуей щІэхъуар, иджыпсту Украинэм дзэ Іуэху хэхар щІыщекІуэкІыр - мыбыхэм ди щІалэгъуалэр зэпымыууэ хэгъэгъуэзэн хуейщ, нэгъуэщІхэм ди тхыдэр зэрамыхъуэкІыфын щхьэкІэ. Иджыпсту ИнтернетымкІэ хъыбар нэпцІ куэд къаІэрохьэри, абыхэм ди щІалэгъуалэр ягъэжакъуэ хъунукъым. Дэ тхыдэшхуэ къыддогъуэгурыкІуэ, хабзэфІхэр диІэщ, унагъуэр зэтезыІыгъэ ди гупсысэ-хэр лъапІэщ. Ахэр ямыщІэмэ, пщэдей я анэдэлъхубзэ, я лъэпкъ хабзэ, я нэмыс яфІэкІуэдынущ. Абы догупсысри, зи хэку, зи лъэпкъ зыхъумэфыну щІэблэ къэгъэтэджыным догугъу. Дыхуейщ ди щІалэхэм лІыгъэ яхэлъу, пщІэ яІэу, нэхъыжьым зэрыбгъэдэтыпхъэр ящІэу, хъыджэбзхэм нэмыс яхэлъу къэхъуну.

Абы ипкъ иткІэ курыт школхэм щеджэхэм даІуощІэ, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызыдогъэпэщ, диктант идогъэкІуэкІ. Гъэ къэс республикэм и районитІым - Шэджэмрэ Іуащхьэмахуэрэ - дзэ-хэкупсэ уэрэдхэмкІэ фестиваль щыдогъэкІуэкІ. Зэпеуэм еджакІуэхэри ветеранхэри къыдогъэблагъэ. Афган зауэм хэкІуэда щІалэхэм я фэеплъу, футбол цІыкІу жыпІэми, волейболми, картингми, нэгъуэщІ спорт зэхьэзэхуэхэри къызыдогъэпэщ. 2006 гъэ лъандэрэ, зы гъэ къэмынэу, армэ ІэпщэрыбанэмкІэ республикэ зэпеуэр йокІуэкІ. Апхуэдэуи къыхэгъэщыпхъэщ афган зауэм и мызакъуэу, нэгъуэщІ дзэ зэпэщІэтыныгъэхэми СВО-ми щыхэкІуэда ди щІалэхэм я фэеплъ пхъэбгъу 200-м щІигъу мы зэманым курыт школхэм зэрыщыфІедгъэдзар.

Куэд и уасэщ Налшык къалэм зауэлІ-интернационалист хэкІуэдахэм я фэеплъыр Дей жыг хадэм зэрыщагъэувари. Апхуэдэ фэеплъхэр иджыри районихым щыІэщ. КъищынэмыщІауэ, хэкІуэда цІыхуи 8-м я цІэхэр уэрамхэм фІедгъэщащ. Псалъэм папщІэ, илъэс ипэ ди зэгухьэныгъэмрэ Старэ Шэрэдж къуажэ администрацэмрэ, Аруан районым и щІыпІэ администрацэр ди дэІэпыкъуэгъуу, уэрамитІым Мер Хьэсэнрэ Іэщын Замиррэ я цІэхэр фІащащ.

ЩІалэгъуалэм дащыІущІэкІэ, дыхуощІокъу фІым, захуагъэм ахэр къыхуедджэну, терроризм, экстремизм гупсысэхэм фІы зэрыщІамыхынур къагурыдгъэІуэну.

- А лэжьыгъэхэр зэгухьэныгъэм и къарукІэ къызэвгъэпэщрэ, хьэмэрэ зыгуэркІэ зыкъыфщІагъакъуэрэ?

- КъБР-м Лъэпкъ Іуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкІэ и министерствэм гъэ къэс социальнэ проектхэр гъэхьэзырынымкІэ зэпеуэ къызэрегъэпэщри, дэ едгъэкІуэкІ лэжьыгъэм и мыхьэнэр къалъытауэ, сыт щыгъуи ахъшэ къытхуегъэфащэ. Афган зауэм хэтахэм я зэгухьэныгъэм къищынэмыщІа, зауэм ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэм ятегъэщІауи лэжьыгъэ пыухыкІахэр 2019 гъэм щегъэжьауэ идогъэкІуэкІ, «ЗауэлІ» урысейпсо жылагъуэ ІуэхущІапІэм и щІыналъэ къудамэм зыхуигъэзэжауэ къалэнхэм япкъ иткІэ. Япэр - щІэблэр хэкупсэу гъэсэным нэхъ тегъэщІауэ, етІуанэр - хэкІуэдахэм я унагъуэхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ защІэгъэкъуэным тещІыхьауэ лэжьыгъэр къызыдогъэпэщ. КъищынэмыщІауэ, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэу цІыхухэм защІэгъэкъуэнымкІэ и министерствэм урысейпсо зэгухьэныгъэхэм къагъэхь путёвкэхэр къытІэрегъэхьэ, ди ветеранхэр, ныкъуэдыкъуэхэр Евпаторие зыгъэпсэхуакІуэ догъакІуэ, Москва пэгъунэгъуу узыншагъэр щрагъэфІакІуэ центрым дошэ. Шэч хэмылъу, дадолажьэ щІыналъэ унафэщІхэми.

Ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ, мы зэманым екІуэкІ дзэ Іуэху хэхам хэтхэр зыхуей хуэгъэзэным хуэунэтІауэ КъБР-м и Парламентым хабзэхэр зэредгъэфІэкІуэным иужь дыщитщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, ди зэгухьэныгъэм и правленэм хэтхэр республикэм и министерствэхэмрэ ІуэхущІапІэхэмрэ я жылагъуэ советхэм ди лІыкІуэу щыІэщ, дызэрыщІэу дызэдолажьэ.

- Мы зэманым фи зэгухьэныгъэм хэтхэм сыт хуэдэ гугъуехьхэр яІэ? Ахэр дауэ яхузэхэвгъэкІрэ?

- Иджыпсту цІыху 1200-м щІигъу къызэщІеубыдэ ди зэгухьэныгъэм. Абы яхэтщ Афганистаным, Шэшэным, Сирием щыІахэр. Иужьым къыхыхьащ Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэхам хэтхэр. Шэч хэмылъу, псом япэу гулъытэ хэха яхудощІ гугъуехь пэщІэхуахэм, нэхъ дэхуэхахэм. Апхуэдэ Іуэху къыкъуэкІа нэужь, КъБР-м и ІэтащхьэмРеспубликэм и Правительствэм захудогъазэ, дазэрыдэІэпыкъуным иужь дитщ. ЗэрыжысІауэ, КъБР-м и Парламентым дзэ Іуэху хэхам хэтхэм зэрызыщІагъакъуэм ехьэлІа Іуэхухэр къыщыдоІэт. Псалъэм папщІэ, дзэ Іуэху хэхам щыІэхэм дэІэпыкъуныгъэ щыхуашэкІэ фэбжь хэзых волонтёрхэм зэрызыщІагъакъуэнур къыщыгъэлъэгъуа дэфтэрым делэжьащ. СВО-м щыІэхэм я Іыхьлыхэм зыкъызэрытхуагъазэхэм къахокІ ветераным и тхылъыр къазэрахудэмыхым, зыгъэпсэхуакІуэ кІуэжыхын хуейуэ, арщхьэкІэ къамыутІыпщыжауэ я зэманыр зэрыблэкІам теухуа Іуэхухэр. Гугъущ, хьэлъэщ ахэр, ауэ дзэ комиссариатым дыпыщІауэ, зэрытхузэфІэкІкІэ дазэрыдэІэпыкъунум иужь дитщ.

- Хэкум и хъумакІуэм и илъэсыр иджыблагъэ ди республикэм къыщызэІуахащ. Абы хуэгъэзауэ евгъэкІуэкІыну лэжьыгъэр вгъэбелджыла?

- Хэкупсэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэ куэд илъэсым и кІуэцІкІэ едгъэкІуэкІыну ди мурадщ. ИщхьэкІэ зи гугъу сщІа социальнэ проектхэм хуэдэ догъэхьэзыри, ар пхыдгъэкІыфмэ, абы ипкъ иткІи Іуэхугъуэ зыбжанэ къызэдгъэпэщынущ. Афган зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъу, Тэрч районым футбол цІыкІумкІэ турнир щедгъэкІуэкІынущ. Гъэ къэс ди зэгухьэныгъэм Дзэ зэпэщІэтыныгъэхэм я ветеранхэм, Хьэуадесантыдзэхэм я махуэхэм деж зэхыхьэхэр, шахмат, шашкэ зэпеуэхэр къызэрегъэпэщ. Мы гъэми ахэр ди мурадщ. КъищынэмыщІауэ, СВО-м хэтхэр ныбжьыщІэхэм зэраІудгъащІэм, ди лІыхъужьхэр зэрыдгъэлъапІэ Іуэхухэм пытщэнущ. Шэч хэмылъуи, Хэкум и хъумакІуэм и илъэсым хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІыну Іуэхугъуэ псоми жыджэру дыхэтынущ.

ЕпсэлъарЪ

БАГЪЭТЫР Луиззэщ.

● Жылагъуэ



Фэеплъым и къалэ уэрамхэр

«Налшык къалэ уэрамхэр» - аращ зэреджэр ди щІыналъэм и щыхьэрым зиужьынымкІэ «Утыку» институтым иджыблагъэ къыхилъхьа жэрдэмым. Хэку зауэшхуэм лІыхъужьыгъэ щызезыхьа ди нэхъыжьыфІхэм ящыщу зи цІэр къалащхьэ уэрамхэм фІащахэм я гъащІэмрэ къекІуэкІыкІамрэ, зэуапІэм щызэрахьа хахуагъэм къалэдэсхэмрэ щІыпІэм зыплъыхьакІуэ къэкІуауэ щыІэхэмрэ щагъэгъуэзэнущ.

ТЕКІУЭНЫГЪЭР илъэс 80 зэрырикъур къэралым Іэтауэ игъэлъэпІэнущ. Абы и хьэтыркІэ щІыпІэхэм Іуэхугъуэ гъэщІэгъуэн куэд къыщыхалъхьэ, абыхэм я нэхъыбэми гъэсэныгъэ мыхьэнэ яІэщ, цІыхубэр узэщІынми толажьэ. Зи гугъу тщІы жэрдэмыр къыхэзылъхьахэм къэблагъэ ТекІуэныгъэм и цІэкІэ Іуэху зыбжанэ ирагъэкІуэкІагъэххэщ. Мыр апхуэдэ зи чэзу гукъэкІщи, зэ щІыгъуэкІэ зэфІэмыкІыу, цІыхухэм зэпымычу щІэныгъэ къезытын Іуэхуу щытщ. Жагъуэ зэрыхъунщи, къалэдэсхэми къуажэдэсхэми уэрамхэм зэрахьэ цІэр зэращІэр урысыбзэкІэщ, ауэ щыхъукІи, унагъуэцІэ къудеймкІэщ. Іуэху пщІырэ нэхъ ущІэупщІэу ухуежьэмэ, ар зи унэцІэр, абы апхуэдэ пщІэ къыщІилэжьар къыбжезыІэну щыІэр къызэрымыкІуэу мащІэщ. ЖэрдэмщІакІуэхэм а Іуэхугъуэри къалъытащ гупсысэр утыкум къыщралъхьэм. Арыххэуи, фэеплъыр хъумэным къыдэкІуэу, жылэри тхыдэм хуезыгъэплъэкІ, ущІэгушхуэ хъун цІыхуу къахэкІахэм ятеухуа щІэныгъэми и къэкІуапІэ хъарзынэ мэхъу жэрдэмыр.

Къыхэгъэщын хуейщ ар куэд дыдэм гунэс зэращыхъуар. Налшыкдэс нэхъыжьыІуэхэм ящыщ куэдым зэдэарэзыуэ къыхагъэщ къащІэхъуэ щІэблэм тхыдэ мыхьэнэ зиІэу къалэм узыщрихьэлІэ щІыпІэхэр фІыуэ зэрамыцІыхур, уэрамхэм зи цІэ фІащахэм я гъащІэм щІагъуэ зэрыхамыщІыкІыр. «Зыбжанэ лъандэрэ дегупсысырт Хэку зауэшхуэм теухуауэ щІэблэм сыт хуэдэ ІуэхугъуэкІэ захуэдгъазэ хъуну пІэрэ, абыхэм я зэхэщІыкІым блэкІа тхыдэ къэхъугъэм и мыхьэнэр дауэ зыхедгъэщІэну пІэрэ, жытІэу. Япэу дигу къэкІар къалэм щыпсэухэм дапкърыупщІыхьынрати, гъэщІэгъуэн къытщыхъуащ абыхэм яІэ гурыгъузыр, уэрамхэм зи цІэ фІаща цІыхухэм ятеухуауэ езыхэми, я бынхэми, къалэм къакІуэхэми щІагъуэ зэрыхамыщІыкІыр. Псори къыщежьар Сыбырым къикІа зы бзылъхугъэ гуэрщ - ар зытет уэрамым зэрихьэ унагъуэцІэр фІэгъэщІэгъуэн хъури, абдеж блэкІ цІыхуитІ-щым еупщІу зыми абы и пэжыпІэр зэрыжимыІэфарщ. Ар хэзыщІыкІ гуэрым щызэхихыжым, икІи игу къеуащ, икІи ириукІытащ. «ЩІыпІэм къакІуэхэм фІы и лъэныкъуэкІэ закъедгъэцІыхуну дыхущІокъу, ди хабзэхэмрэ бзыпхъэхэмкІэ закъедгъэлъагъуну, ди цІыху пэрытхэр нэІуасэ яхуэтщІыну иужь дитщ, итІанэ мопхуэдэ щІэщхъухэр къохъу», - жиІэри зы нэхъыжьыфІ къытхуэтхьэусыхат. Абдеж гупсысэ зэхэдзэм жэрдэмыр къигъэщІащ, ар икІи дэр дыдэхэм игъуэу къыдолъытэ, Іуэху щхьэпэ куэд къызыдэкІуэнуи къытщохъу», - жаІэ жэрдэмщІакІуэхэм.

Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр зыхуагъэфэщахэм ящыщу цІыху 28-м я цІэхэр Налшык къалэм и уэрамхэм зэрахьэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и пщІэр лъагэу зыІэта а зауэлІ хахуэхэм я хъыбарыр, жэрдэмщІакІуэхэм, зэрыжаІэмкІэ, Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ цІыхубэм лъагъэІэсынущ. Япэрауэ, къэувыІэпІэхэм абыхэм я сурэтхэр къызытещ плакатхэр къыщыфІадзэнущ, абыхэм куар-кодхэр щІагъэувэжынурэ, телефонхэр хуэбгъазэрэ узыхуишэ напэкІуэцІым ухыхьэмэ, уэрамым зи цІэ зэрихьэ лІыхъужьым и хъыбархэр къиувэнущ. КъищынэмыщІауэ, Къэбэрдей уэрамым УафэлъащІэ сурэт гъэлъэгъуэныгъэ ящІынурэ, Совет Союзым и ЛІыхъужьхэм я сурэтхэр къыщагъэувынущ. Гъэлъэгъуэныгъэр Къэбэрдей уэрамым и кІыхьагъкІэ, Нэгумэ Шорэ и цІэр зезыхьэ уэрамым къыщыщІэдзауэ Театраплъэ ныбжьыщІэм и унэм нэсыхункІэ, зиубгъунущ.

«Утыку» институтым и лэжьакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, волонтерхэм зауэлІхэм къагъэхьу щыта письмо щимэхэм хуэдэу блэкІхэм хуагуэшынущ, «Налшык къалэ уэрамхэр» пэхуэщІэм ипкъ иткІэ къалэм дэт курыт еджапІэхэм а гъэлъэгъуэныгъэм теухуа дерсхэр щрагъэкІуэкІынущ.

ШУРДЫМ Динэ.

● ЗэІущІэхэр

Хъарзынэу лэжьами, къапэщылъри мащІэкъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм щекІуэкІа коллегием щыхэплъэжащ илъэс блэкІам яхузэфІэкІахэм икІи щаубзыхуащ дызыхуэкІуэ илъэсхэм къапэщылъ лэжьыгъэхэр. Абы къызэрыщыхэщамкІэ, 2025 - 2030 гъэхэм къриубыдэу республикэм и автомобиль гъуэгуу псори зэхэту километр 700-м щІигъу къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ, зыхуей хуагъэзэнущ.

Япэм лэжьа «ГъуэгуфІ шынагъуэншэхэр» лъэпкъ пэхуэщІэр иджы хагъэхьащ «ГъащІэм папщІэ инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщІэщІэм. Абы нэмыщІ, псэупІэ ухуэныгъэм, коммунальнэ, гъуэгу инфраструктурэхэм, цІыхубэ транспортым ехьэлІауэ щыІэ къэрал пэхуэщІэ псори хуэгъэпсащ цІыхубэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным теухуа, «ГъащІэр шынагъуэншэрэ тыншу» фІэщыгъэр зезыхьэр зэгъэхъулІэным. Ар Урысей Федерацэм и Президентым къыхилъхьащ икІи абы нэсу къыщыгъэлъэгъуащ япэ игъэщауэ зэлэжьыпхъэхэмрэ Іэмлхэмрэ.

Псалъэм папщІэ, къалэн щыІэщ 2030 гъэм ирихьэлІэу къалэхэм хэмыхьэ жылэхэм дэсхэм я псэукІэр нэхъ тынш ящІыну, а щІыпІэхэм иджыпсту щыІэ гъуэгу, транспорт, коммунальнэ, н.къ. инфраструктурэхэр, медицинэ, социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр, нэгъуэщІхэри процент 30-кІэ ирагъэфІэкІуэну, 2036 гъэм а бжыгъэр процент 60-м нагъэсыну.

Къэралым и цІыхубэм ехьэлІауэ зыхуэплъэ мурадхэр гъэзэщІэным теухуауэ къащта унафэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, 2030 гъэм ирихьэлІэу (адэкІэ 2036 гъэ пщІонди пащэу) УФ-м и къалэ нэхъ инхэмрэ къэрал мыхьэнэ зиІэ автомобиль гъуэгухэмрэ я процент 85-м нэхърэ мынэхъ мащІэр, щІыналъэхэм я автомобиль гъуэгухэм и процент 60-м нэхърэ мынэхъ мащІэр щыІэ мардэхэм къырагъэтІэсэну къапэщылъщ.

А пІалъэхэм къриубыдэу УФ-м къэрал мыхьэнэ зиІэ и автомобиль гъуэгуу псори зэхэту километр 700-м щІигъу щыІэ мардэм къыщрагъэтІэсэнущ ди республикэм. Абы щыщу 3-р федеральнэ автомобиль гъуэгущ, псори зэхэту километр 386-рэ я кІыхьагъыу, 9-р щІыналъэ мыхьэнэ зиІэхэрщ, псори зэхэту километр 314-рэ я кІыхьагъыу.

Гъуэгухэм ехьэлІауэ щІыналъэм щагъэзащІэ лъэпкъ пэхуэщІэм ипкъ иткІэ республикэм илъэс къэс лэжьыгъэ пыухыкІахэр ирегъэкІуэкІ. ЖыпІэнурамэ, 2019 гъэм щегъэжьауэ «Дей, Курп Ищхъэрэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланием и гъунапкъэм нэсыху» автомобиль гъуэгум йолэжь. Абы щыщу километри 6-р зыхуей хуагъэзащ 2019 гъэм, 2020 гъэм - километри 4,1-р, иджы къыхалъхьа «ГъащІэм папщІэ инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщІэм ипкъ иткІэ мы гъэм къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ къэнэжа километри 5,8-р.

2024 гъэм «ГъуэгуфІ шынагъуэншэхэр» лъэпкъ пэхуэщІэм хыхьэу лэжьыгъэ ин щрагъэкІуэкІащ икІи абы и гъэзэщІэным ехьэлІауэ зыхуагъэувыжауэ щыта пІалъэм намыгъэсу яутІыпщащ Аргуданрэ Александровскэрэ зэпызыщІэ автомобиль гъуэгур, километр 16,5-рэ зи кІыхьагъыр. Ар къэрал мыхьэнэ зиІэ гъуэгухэм хохьэ. Абы нэмыщІ, километри 2 и кІыхьагъыу Тэрч къалэм къыпекІуэкІ гъуэгури щыІэ мардэм кърагъэтІэсащ нэгъабэ.

2021 гъэм зыхуей хуагъэзащ Тэрч къалэр, Дей къуажэр, щІыналъэм и зыгъэпсэхупІэ базэр зэпызыщІэ, километри 2,8-рэ зи кІыхьагъ гъуэгур. 2019 гъэм апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІащ Прохладнэ къалэмрэ Елъхъуэтрэ зэпызыщІэ автомобиль гъуэгум и Іыхьэу километри 2,6-м, 2020 гъэм абы и километри 5,2-м, 2021 гъэм - километр 22-м, абы щыщу километр 12-р лъэпкъ пэхуэщІэм ипкъ иткІэ.

2025 гъэм гъуэгу лэжьыгъэхэм пащэжынущ «ГъащІэм папщІэ инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщІэм къыщыгъэлъэгъуахэм тещІыхьауэ. Псалъэм папщІэ, дызэрыт илъэсым Налшыкрэ Май къалэмрэ зэпызыщІэ автомобиль гъуэгум пІалъэкІэрэ зэпыудауэ йолэжь. Ар зэрагъэпэщыж 2019 гъэм щегъэжьауэ. А гъэ дыдэми яухащ абы и Іыхьэу километри 5,3-рэ зи кІыхьагъ гъуэгур, 2020 гъэм - километри 9,6-рэ хъур, 2022 гъэм - километри 5,5-р, 2023 гъэм - километри 8,2-р. 2025 гъэм абы щыщу къэнэжа километри 3,5-р и кІэм нагъэсыжынущ.

Дзэлыкъуэ щыналъэм хыхьэ Малкэрэ Ингушли Іэщ хъупІэмрэ зэпызыщІэ гъуэгури мы гъэм и кІэм нэсу зэІузэпэщ ящІынущ. Псори зэхэту абы и километри 8,1-рэ я кІыхьагъщ. Абы щыщу километри 7,3-р 2020 гъэм зэрагъэпэщыжауэ щытащ.

Лъэпкъ пэхуэщІэщІэм хыхьэу апхуэдэ лэжьыгъэшхуэхэр мы гъэм щрагъэкІуэкІынущ Новопавловск, Прохладнэ, Мэздэгу жылэхэр зэпызыщІэ автомобиль гъуэгуми. Абы и кІыхьагъыр километри 6,5-рэ мэхъу.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

● Щэнхабзэ

«Усэ-Гуащэр уэгум доплъызей...»

УсакIуэ бзылъхугъэр гъатхэм йокIу псалъэкIи, гурыщIэкIи, къигъэщI дунейкIи. Сатырхэм къыхохьэ щабагъэ, гумащIагъэ, гухэлъ, псэ махагъэ, щIыуэпсым и теплъэ телъыджэ. Адыгэбзэм и макъ зэщIэжьыуэхэр щызэхуос Аброкъуэ Беллэ и усыгъэм. Абыхэм къару халъхьэ усэм щIэлъ гупсысэм. Тхыпхъэ зэхуэмыдэурэ зэхэухуэна усыгъэ дунейм гъатхэпежьэ пшыхь хуэфащэт...

НАЛШЫК «Акрополь» центрым щекIуэкIащ «Усэ-Гуащэр уэгум доплъызей...» усыгъэ пшыхьыр. Ар къызэригъэпэщащ ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм и «Къэухь» литературэ клубым. Iуэху дахэр къызэгъэпэщакIуэхэмрэ усакIуэмрэ даIыгъащ Беллэ и унагъуэм, и ныбжьэгъухэм, къыдэлажьэхэм, гъуазджэм и лэжьакIуэхэм, макъамэтххэм, адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ, усакIуэхэм. Зэхыхьэм къеблэгъащ нэхъыжьыфIхэу философие щIэныгъэхэмкIэ доктор Хъурей Феликсрэ УФ-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ.

Пшыхьыр иригъэкIуэкIащ дунейпсо «Адыгэ лъэпкъ фондым» и унафэщI ХьэцIыкIу Рае.

- «Къэухь» литературэ клубым и лэжьыгъэм пыдощэ мы пшыхь дахэмкIэ. Усэми прозэми хозагъэ Аброкъуэ Беллэ. Лэжьыгъэшхуэ ещIэ щIэблэм я къэухьым зегъэужьыным, ахэр дахэщIэхъуэпс щIыным. А гуращэращ Беллэ радиом щыщыIам «ДунейгъафIэ» нэтыныр щIригъэкIуэкIар. А гуращэращ и нэIэ щIэт «Нур» сабий журналыр ефIакIуэ зэпыту къыщIыдигъэкIыр. Журналым и къыдэкIыгъуэ зэхуэмыдэхэм ихуащ Аброкъуэ Беллэ и IэдакъэщIэкIхэри зэридзэкIахэри. «Нурым» кърахри адыгэ сабийхэм ягъэхьэзыращ усэхэр, таурыхъ теплъэгъуэхэр. ЦIыкIухэм утыкур хуит яхуэтщIынщ псом япэ, - жиIащ абы пшыхьыр къыщызэIуихым.

Бзылъхугъэм и усыгъэмрэ и IуэхущIафэхэмрэ иращIэкIа пшыхьыр сабий Iыхьэрэ балигъ Iыхьэу зэхэтти, ныбжьыщIэхэм псом япэ утыкур хуит хуащIащ. Нэхъ цIыкIу дыдэхэри, школакIуэхэри, студентхэри хэтащ абы. Ахэр усэ къеджащ, усакIуэхэм и псалъэгъэджэгухэр зэпадзыжащ, «Нур» журналыр зэрыщIаджыкIым и щыхьэту, абы ит тхыгъэхэм тращIыкIа теплъэгъуэ гъэщIэгъэунхэр ягъэлъэгъуащ. Беллэ и усэхэм къеджащ республикэм и курыт еджапIэхэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэр, усакIуэм университетым къыщыдеджахэр. Беллэ и усэхэмкIэ ятха уэрэдхэмкIи пшыхьыр ягъэдэхащ. УсакIуэр къеджащ нэхъ цIыкIу дыдэхэм яхуэгъэза усэхэм, псалъэгъэджэгухэмрэ псынщIэрыпсалъэхэмрэ.

Аброкъуэ Беллэ фIыщIэ яхуищIащ Iуэхум кърихьэлIахэм, ар къызэзыгъэпэщахэм, усакIуэм псалъэ гуапэ хужызыIахэм, и усэхэм къеджахэм.

- Бзылъхугъэхэм я махуэшхуэм ирихьэлIэу сэр папщIэ пшыхь ирагъэкIуэкIын гукъэкIыр яIэу Адыгэбзэ Хасэм хэтхэм зыкъыщысхуагъазэм, сыгушхуащ, си гур хэхъуащ. Сытым дежи си гуапэу сыкIэлъопль Хасэм и Iуэхухэм. Илъэс 23-кIэ адыгэ радиом сыщылэжьати, а зэманым зыхэсщIащ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэм си нэтынхэм гулъытэ зэрыхуащIыр, зэредаIуэр, къызэрагъэщхьэпэр. Сабий журналым сыкIуа нэужьи, егъэджакIуэхэм яхузиIэ пыщIэныгъэр зэпыуакъым. Ар фIыщIэ сощI. Фэрэ дэрэ Iэмалу щыIэу хъуар къэдгъэсэбэпрэ, ди щIэблэ цIыкIухэм адыгэбзэр яIурытлъхьэфмэ, дунейм теткъым ди лъэпкъым хуэдмыщIа.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ Адыгэбзэ Хасэм и тхьэмадэ Табыщ Мурат:

- «Адыгэбзэм и гъыбзэ» жиIэу Аброкъуэ Беллэ и «Купсэ» тхылъым ит усэм сегупсысыжащ. Гъыбзэ хуатхыжын хуей щыхъун щытыкIэ лъэпкъыр Тхьэм иримыгъахуэ. АуэарзытрижыIыкIар нобэ дызэрызэхэт щытыкIэрауэ къыщIэкIынущ. ТIэкIу дызэщыгугъыжу, дызэхуэгушхуэжу, ауэ тщIэн хуейуэ зыгуэрхэри къанэу си гугъэщ. ЗыхэдмыщIэжурэ тIэщIэкI щыIэщ. Псом япэрауэ, ди адыгэбзэр, ди хабзэр.

И макъыр радиом къыщигъэIуу илъэс куэдкIэ утыкум ита нэужь, «Нур» сабий журналыр къыдэгъэкIыныр лэжьыгъэ зыхуэхъуа бзылъхугъэр анэбзэкIэ, анэпсэкIэ, анэ гуращэкIэ анэдэлъхубзэр щIалэгъуалэм я деж нихьэсыным толажьэ. «Купсэ» тхылъым «Адыгэбзэм и гъыбзэ» зи фIэщыгъэ усэ ихуами, «Нур» журналым и къыдэкIыгъуэхэм къытохуэ «адыгэбзэм и пшыналъэ» усыгъэ Iыхьэр. Адыгэбзэм уэрэд жригъэIэну, абы и зэфIэкIымрэ лъэкIыныгъэмрэ здынэсыр къиIуэтэну иужь итщ. «Гъэсэныгъэ» псалъэм къеубыд ди нэIэ зытетыпхъэ щIалэгъуалэр дэ къытщIэувэжын хуэдэу дущиин хуейуэ, Яхэтлъхьэрщ ядэтлъагъужынур.

Адыгэбзэ, адыгэ хабзэ щыжытIэкIэ, ар зыщIыпIэ деж къыкъуэтхыу цIыхум хэтлъхьэу аракъым. АтIэ езы цIыхум хэту дунейм къытохьэри, ар зыхедгъэщIэн хуейуэ аращ.

Адыгэбзэм и дахэр нэрынэ-нэрынэурэ зэщIищыпэжурэ, зэригъэкIужурэ, усэбзэ ищIурэ, сабийхэм къазэрыгурыIуэнум хуэдэу «Нурым» егъакIуэ Беллэ. Сэ сфIэфу бзылъхугъэм и лэжьыгъэм зы хьэлэмэт хэтщ. Иджырей сабийхэм адыгэбзэр нэсу ящIэркъыми, абы ящIэ мащIэм зыдэзгъэшынщи, къагурыIуэн хуэдэу сытхэнщ, жиIэркъым. АтIэ езы сабийхэр къыдриIэтеину иужь итщ. Бзэр егъэфIэкIуэн зэрыхуейр щыгъупщэркъым.

Лъэхъэнэ къэс лъэпкъым цIыху щхьэхуэхэр къыхощхьэхукI, дагъэгушхуэу. Апхуэдэхэм ящыщщ Аброкъуэ Беллэ. И тхыгъэхэм ущеджэкIэ зыгуэрым хуэпабгъэ уащI, гузэхэщIэ гуэр къуат.

«Усэ пшыхь» жытIэми, нобэрей Iуэхум дигъэгупсысэн япэкIэ дигъэплъэни хуейщ, - жиIащ Мурат.

Пшыхьыр зытраухуа усакIуэм псалъэ гуапэ хужиIащ, къызэгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ республикэм и джэгуакIуэ, уэрэджыIакIуэ пажэ **Лосэн Тимур**.

- Илъэс тIощIырыпщI хуэдэкIэ соIэбэж иджы... Къуажэм дыкъыдэкIри, къалэм дыкъэкIуат. Беллэ ди ныбжьэгъущ абы лъандэрэ. А зэманым иIа теплъэрщ, хьэлщэнырщ си нэгум щIэтыр: псэ къабзэу, жаIэу хъуар занщIэу и фIэщ ищIу, зыгуэрым фэрыщIагъ хэлъынкIэ хъуну игу къэмыкIыххэу, Iуэху гуэр хэтмэ, абы и гур игъэхъуапсэу. А и фIэщ хъуа Iуэхум хыхьэрти, и кIэ дыдэми нэсырт. Бзаджагъэ гуэр къыхэкI хъужыкъуэми, ари и фIэщ хъуртэкъым, абыи зыдигъэшырт. Апхуэдэу гу къабзэщ Беллэ. Макъамэ гуэр дигу ирихьамэ, Беллэ деж дынэсырти, «кхъыIэ, мы макъамэм псалъэ тхущIэгъэуви, уэрэд дыгъэщI», - жытIэу делъэIурт. ФIы дыдэу пэлъэщырт. АтIэ, пшыналъэр пшыналъэ зыщIыжыр бзэращ, уадыгэу пшыналъэ птхынумэ, уи бзэкIэ угупсысэн хуейщ. Абы щыгъуэм псалъэмрэ макъамэмрэ зокIу.

Адыгэ радиом щылажьэм и нэтынхэм седаIуэрт сфIэхьэлэмэту. Иджы сабий журналым, щIэблэм анэдэлъхубзэр яIурылъыным, лъэпкъым и пщIэр къэIэтыным теухуауэ ищIэхэр сфIэхьэлэмэтщ. ЩIэх-щIэхыурэ дызэхуэмызэми, и зэфIэкIхэм сыт щыгъуи сыщыгъуазэщ. Адыгэпсэ хэлъу, лъэпкъым фIы хуилэжьу зы адыгэ бзылъхугъэщ Беллэ. ХужысIэр сфIэмащIэщи, а мащIэр куэд Тхьэм щищ! - жиIащ Тимур.

- Дызытет дунейм нэгъуэщIым ямылъагъу телъыджэхэр халъэгъуэф усакIуэхэм. Ар Беллэ и дежи щыдолъагъу. Зэдеджэхэр дызэрощIэ, дызэрогъэныбжьэгъу, дызэкъуэтщ. Беллэ и ехъулIэныгъэхэм хуабжьу дыщогуфIыкI, и IэдакъэщIэкIхэр ди гум дохьэ, - жиIащ филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Езауэ Мадинэ.

Макъамэтх Бер Мадинэ тепсэлъыхьащ Аброкъуэ Беллэ пызыщIэ IуэхуфIхэм ящыщ зыбжанэм. И гуапэу къыхигъэщащ, и радио нэтынхэр езым и къафэхэмкIэ иригъажьэу зэрыщытар.

Бзылъхугъэ усыгъэм и хьэлыр дахэу Аброкъуэ Беллэ къызэригъэлъагъуэр, усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр щIэблэм я дежкIэ зэрыщхьэпэр къыхигъэщащ ХьэIупэ ДжэбрэIил и псалъэм. Абы фIыщIэ яхуищIащ егъэджакIуэхэм.

Беллэ Iуэхум кърихьэлIахэм яригъэцIыхуащ усэ пшыхьым щIэс и унагъуэ дахэр. ЖиIащ и IэнатIэм пэрытынымкIэ, усэнымкIэ, лъэпкъ Iуэху хэтынымкIэ илэжьхэр сытым дежи къызэрыдаIыгъыр.

ГУГЪУЭТ Заремэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЩэщIрэ еянэу зэкIэлъхьэужьу

1987 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс къэс мы зэманым Къэхъун къуажэм щокIуэкI Афганистаным щыхэкIуэда, зэрихьа лIыгъэм папщIэ Вагъуэ Плъыжь орденыр, мыпсэужу, зыхуагъэфэща НэгъэцIу Хьэсэнбий волейболымкIэ и фэеплъ зэхьэзэхуэ. Мы гъэм ар щэщIрэ еянэу зэхаублащ икIи ирагъэхьэлIащ Хэкум и хъумакIуэм и махуэм.

ХЭКУМ папщIэ зи псэр зыта НэгъэцIу Хьэсэнбий, зауэлI хахуэм, ныбжьэгъу пэжым, и фэеплъыр яхъумэ ар къызыхэкIа унагъуэм, лъэпкъым. Хьэсэнбий зэрихьа лIыгъэр я щапхъэщ Къэхъун и мызакъуэу, Аруан щIыналъэми къихъуэ щIэблэхэм я дежкIи. Абы хэлъа лIыгъэм щытопсэлъы-хьыж ар зыщIэса курыт еджапIэм, нэгъуэщI школхэм щIэх-щIэхыурэ щрагъэкIуэкI дерс зэIухахэм. ЗауэлIым и фэеплъ спорт зэхьэзэхуэхэр зы илъэси къэмынэу щызэхашэ жылэми районми. ЩIалэр щеджа курыт школым къыщызэIуахащ абы и фэеплъ пхъэбгъу. НэгъэцIу Хьэсэнбий и цIэр зэрехьэ щалъхуа къуажэм и уэрамхэм ящыщ зыми.

Къэхъун дэт курыт еджапIэ №1-м и спорт пэшым Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу мы гъэми щекIуэкIа зэхьэзэхуэм къызэхуишэсат Шэджэм щIыналъэм и Лашынкъей, Аруан куейм хыхьэ Нарткъалэ, Старэ Шэрэдж жылэхэм, Лэскэн районым щыщ Хьэтуей, Ташлы-Тала къуажэхэм къикIахэмрэ хэгъэрейхэмрэ.

Зэпеуэм хэтахэмрэ абы еплъыну къэкIуахэмрэ пэублэ псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ Къэхъун къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къандэхъу Леонид, мы зэхьэзэхуэм сыт щыгъуи и жэрдэмщакIуэ Гулэжын Беслъэн, спортым и ветеран ХьэщIэлI Руслан, жылэм я нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ Хьэхъупащlэ МуIэед, зауэм ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэм я «Воин» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Дзыгъуанэ Алик сымэ.

Зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэ Кабалоев Мурадин ар зэраубзыхуа щIыкIэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ. Командэ щырыщ зыхэт гупитIым щытекIуэхэр кIэух зэIущIэм щыщIэбэнынут Къэхъун къуажэ администрацэмрэ НэгъэцIухэрэ ягъэува саугъэт нэхъыщхьэм. Мы Iуэху дахэр къызэзыгъэпэщахэм ящыщт Нарткъалэ дэт Нало Залым и цIэр зезыхьэ Техник ныбжьыщIэм и станцым и дзэ-хэкупсэ центрыр.

Махуэ псом гуащIэу екIуэкIа зэпеуэм зыхэта гупхэм текIуэныгъэр къыщахьащ Ташлы-Таларэ Хьэтуейрэ къикIахэм. КIэух зэIущIэм абыхэм бэнэныгъэ гуащIэ зэхаублащ. ИкIэм-икIэжым хьэтуейдэсхэм НэгъэцIу Хьэсэнбий зэIэпах и фэеплъ кубокымрэ саугъэт нэхъыщхьэмрэ зыIэрагъэхьащ, я хьэрхуэрэгъухэм ефIэкIри.

Ещанэ увыпIэр Старэ Шэрэдж къуажэм я волейболистхэм ялъысащ.

ТекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ фэеплъ кубокыр, дипломхэр, медалхэр, ахъшэ саугъэтхэр хуагъэфэщащ. Зэхьэзэхуэм и волейболист нэхъыфIу къалъытащ бжыпэр зыубыдахэм я пашэ Iэщнокъуэ Азэмэт.

Зэхьэзэхуэр щызэхуащIыжым абы хэтахэм фIыщIэ хуащIу, дяпэкIи ехъулIэныгъэ яIэну ехъуэхъуу къэпсэлъащ илъэс 38-рэ хъуауэ (!) а Iуэхум сыт щыгъуи и къызэгъэпэщакIуэ емызэшыж Гулэжын Беслъэн, Къэхъун къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къандэхъу Леонид сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм къыхагъэщащ мыпхуэдэ зэпеуэхэм щIалэгъуалэр хэкупсэу, узыншэу къызэрагъэтэджыр икIи мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

Зи гугъу тщIа зэхьэзэхуэр екIуу къызэгъэпэщынымкIэ икIи егъэкIуэкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу нэс хъуахэщ Къэхъун къуажэ администрацэмрэ НэгъэцIухэ я лъэпкъымрэ. Абыхэм я мылъкурэ зэфIэкIрэ зэхалъхьэри Iуэху щхьэпэр екIуу ирахьэкIащ икIи къызэхуэса псори пщыхьэщхьэм дахэу ягъэхьэщIэжащ.

Ди щIалэ куэдым я псэр зыгъэна Афган зауэжьыр зэриухрэ илъэс куэд дэкIами, зауэм и лыгъейм хэкIуэда ди зауэлI хахуэхэм я фэеплъыр иджыри куэдрэ ди гум илъынущ. Апхуэдэхэм ящыщ зыщ пасэу зи гъащIэ гъуэгуанэ кIэщIыр хамэ щIыпIэм къыщызыуха НэгъэцIу Хьэсэнбии.

ХЬЭТАУ Ислъам.



НэгъэцIу Хьэсэнбий

Зэхьэзэхуэм щытекIуа Хьэтуей къуажэм и волейболистхэрщ.

● Туризм

ХьэщIэщхэмкIэ мыбэлэрыгъмэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым туристу къакIуэм и куэдагъыр мелуанитIым нагъэсын мурад щыIэщ дызэрыт илъэсым къриубыдэу. ИкIи ар зэгъэхъулIэным и Iэмалщ щIыналъэм и хьэщIэщхэм, глэмплингхэм (псынщIэу зэпкърыплъхьэ-зэпкърыпх, бгъэIэпхъуэ хъу унэ цIыкIухэр), цIыхухэр къыщызэтеувыIэ нэгъуэщI щIыпIэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ щIыныр.

«ТУРИСТХЭР къыщызэтеувэ хьэщIэщхэм я бжыгъэр 411-м нэгъабэ нэдгъэсащ икIи ар процент 14,1-кIэ нэхъыбэщ абы ипэ ита илъэсым нэхърэ. Иджыпсту республикэм Iэмал иIэщ цIыху мин 19-м нэблагъэ хьэщIэщ зэхуэмыдэхэм зэуэ щIигъэтIысхьэфыну. ИкIи Iуэхур апхуэдэу екIуэкIрэ хьэщIэщхэм я бжыгъэр 450-м тхунэгъэсу щытмэ, 2025 гъэм и кIэхэм псори зэхэту туристу мелуанитIым нэс къытхуегъэблэгъэну ди гугъэщ», - щыжаIащ КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм.

2024 гъэм къриубыдэу туристу мелуан 1-рэ мин 785-рэ республикэм щыхьэщIащ. 2023 гъэм щыIахэм нэхърэ ар процент 16,4-кIэ нэхъыбэщ.

ТАМ Заур.

● Дзюдо

Иджыри зы дыщэ медаль и анэм къыхуешэ

Узбекистаным и къалащхьэ Ташкент къикIыу хъыбар гуапэ къытIэрыхьащ мы махуэхэм. «Тажышхуэр» дзюдомкIэ къэхьыным хуэунэтIауэ абы щекIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэ Блий Iэюб Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту дыщэ медаль къиихьащ.

КИЛОГРАММ 60 зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ адыгэ щIалэм япэщIыкIэ къыпэщIэтащ Китайм и бэнакIуэ Ченг Ян Чен икIи и Iэзагъкlэ нэрылъагъуу абы ефIэкIыу, ар хигъэщIащ. ИужькIэ Блийм къыпэщIэтащ хэгъэрейхэм я дзюдоиститI - Бахтиеров Камоллидинрэ Иброхимов Анрарджонрэ. Iэюб «иппонкIэ» тIуми ятекIуэри, зэхьэзэхуэм и кIэухым щыIущIащ Азербайджаным и бэнакIуэ лъэщ, щIалэгъуалэм я дунейпсо, европей чемпионатхэм я вице-чемпион Байрамов Туран. Мыбдежми ди щIалэр щынэхъ лъэщащ, апхуэдэ щIыкIэкIи дыщэ медалыр къихьащ.

«Пэжыр жыпIэмэ, сыщыгуфIыкIащ си текIуэныгъэм сыту жыпIэмэ, ар зэзгъэхъулIащ иужьрей зэманым езгъэкIуэкIа лэжьыгъэ гугъухэм иужькIэ. Мыпхуэдэ зэхьэзэхуэм сыхуэныкъуэт, спортсменыр зэрытын хуей жыпхъэм сытеувэжын папщIэ. Нобэ схузэфIэкIащ си хьэрхуэрэгъуу хъуар хэзгъэщIэну, зэIущIэхэр тыншу щымытами. Китаймрэ Азербайджанымрэ я бэнакIуэхэм япэу сахуэзауэ аращ.

Тренерымрэ сэрэ Байрамовыр «зэпкърытхащ» медалхэм щIэбэнын щIэдмыдэ щIыкIэ. Зызгъэхьэзырат зэIущIэм хухаха зэманыр и кIэм нэсыху сыбэнэнуи, си хьэрхуэрэгъум щыуагъэ зыIэщIигъэкIри, абыкIэ «къэзубыдащ».

Ташкент къыщысхьа медалыр етхуанэщ иужьрей илъэситIым. Си гугъэмкIэ, ар ехъулIэныгъэ хьарзынэщ, ауэ си зэфIэкIым адэкIи хэзгъэхъуэн, ипэкIэ сыкIуэтэн хуейщи, абы иужь ситщ», - зэIущIэ нэужьым журналистхэм яжриIащ Блийм.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Тэжышхуэр» къэхьыным хуэунэтIауэ 2023 гъэм Токио къалэмрэ 2024 гъэм Абу-Даби къалэмрэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм ди щIалэм домбеякъ медалхэр къыщихьауэ щытащ. НэхъапэкIи зэрыжиIащи, щIалэм медалу къихьыр и анэм къыхуешэ ар зэригъэлъапIэр къыхигъэщу.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЗэгуроIуэ

Дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэр щыIащ Урысейм Тезырхэр зытралъхьахэм егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ управленэм. Я зэIущIэр траухуат Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI Iуэхухэм.

IуэхущIапIэм хуеблэгъащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и унафэщIым юридическэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэ Чеченов Эльдаррэ социальнэ Iуэхухэр зэкIэлъызыгъакIуэ Коваленкэ Романрэ. ТIури дзэ Iуэху хэхам хэтащ икIи щызэуащ, дамыгъэхэр къыхуагъэфэщащ. Абыхэм УФСИН-м и лэжьакIуэхэм хуаIуэтащ урысей зауэлIхэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу я къалэнхэр зэрагъэзащIэр.

Нэхъапэм МВД-м и офицеру щыта Чеченов Эльдар езым фIэфIу дзэ Iуэху хэхам хыхьащ, бын куэд иIэ пэтми, икIи зэуапIэм илъэс щигъэкIуащ. Коваленкэ Романи Хэкум и сэбэп зыхэлъхэр хъумэныр игъэнэхъапэри, абы снайперу къулыкъу щищIащ.

Ветеранхэм къызэхуэсахэм ягу къагъэкIыжащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм зэрадэIэпыкъум и мызакъуэу, я унэ къэзыгъэзэжахэми зыщIагъэкъуэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ Къанкъул Аслъэн къыхигъэщхьэхукIащ я IуэхущIапIэмрэ фондымрэ зэрызэдэлэжьэнум тещIыхьа зэгурыIуэныгъэ зэрызэращIылIар. Абы щыубзыхуащ дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъуныр.

Къэрал кIуэцI къулыкъум и полковникыр лIыхъужьхэм махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ икIи узыншагъэ быдэ яIэну, мамыру псэуну зэригуапэр жиIащ.

ЗэIущIэм и кIэухым IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэр еплъащ Авдеевкэ хуит къызэращIыжам теухуа документальнэ фильмым.

БАХЪСЭН Ланэ.

● УФССП-м къет

ЩIыхуэр зытригъэкIыжащ

КъБР-м щыIэ УФССП-м Бахъсэн къалэмрэ Бахъсэн районымрэ щиIэ къудамэм щIэлът балигъ мыхъуа и сабийхэр пIынымкIэ адэм къытехуэ къалэныр зэримыгъэзащIэм теухуа тхылъ. Абы щIыхуэу зэтригъэхьат сом мини 160-рэ.

И САБИЙХЭМКIЭ жэуап зэрихьыр къыщищIэжар суд приставым къыхигъэзыхьа иужькIэщ. Абы къыхуигъэуващ Урысей Федерацэм имыкIыну, и щIыхуэр банкхэм щиIэ ахъшэм хагъэкIыну зэрамурадым щигъэгъуэзащ.

ЩIыхуэ зытелъым и къалэнхэр щимыгъэзащIэм, ар административнэ жэуапым, иращэлIащ УФ-м и КоАП-м и 5.35.1-нэ статьям ипкъ иткIэ.

Судыр Iуэхум хэплъэри, абы административнэ тезыр тралъхьащ Iэмал имыIэу лэжьэну. Ауэ абыи мыхьэнэ иIакъым.

Адэм и къалэныр гъэзэщIэным зэремыбэкъуэфынур къыщыгурыIуар УФ-м и УК-м 157-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ уголовнэ Iуэху къаIэтынкIэ зэрыхъунур къыжраIа иужьщ. Арати, зимыIэжьэу цIыхухъум щIыхуэу телъ псори зытригъэкIащ.

Сабийхэм я хуитыныгъэхэр зэфIагъэувэжащ

Дзэлыкъуэ районым щыпсэу цIыхухъум балигъ мыхъуа и сабийхэм яритын хуея щIыхуэу сом мин 350-м нэс телът. Суд унафэмкIэ адэм алименту къытехуэрт къилэжьымрэ нэгъуэщI и хэхъуэхэмрэ я зэхуэдитIыр

ЩIыхуэ зытелъым ехьэлIауэ зэрыхагъэзыхь Iэмалхэр къагъэсэбэпащ - Урысей Федерацэм ирамыгъэкIыныр, и банк счетхэр убыдыныр.

И къалэнхэр гъэзэщIэн Iуэху зэримыхуэу, суд пристав-гъэзэщIакIуэм зыщигъэпщкIурти, щIыхуэ зытелъыр къалъыхъуэну унафэ къащтащ.

Iуэхур щрагъэкIуэкIым щIыхуэ зытелъыр здэщыIэр яубзыхуащ. Алиментхэр зымытым ехьэлIа протокол зэхагъэуващ УФ-м и КоАП-м и 5.35.1-нэ статьям 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Жэуап зэрихьынур къыгурыIуэжри, адэм щIыхуэу телъыр зытригъэкIыжащ.

Зыгъэхьэзырар
УАРДЭ Жантинэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.456
Заказыр № 504
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)* *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.